**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTRLİGİ**

**A`JİNİYAZ ATINDAG`I NO`KİS MA`MLEKETLİK PEDAGOGİKALIQ İNSTİTUTI**

**QARAQALPAQ TİLİ HA`M A`DEBİYATI FAKULTETİ**

**QARAQALPAQ A'DEBİYATI KAFEDRASI**

**4-a kurs studenti**

**Paxratdinova Arıwxannın’**

**«A.Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanında da’wir haqıyqatlıqlarının’ jırlanıwı ha’m onı oqıtıwdın’ aldın’g’ı pedtexnologiyalıq usılları» degen temadag`ı**

# PİTKERİW QA`NİGELİK JUMISI

**İlimiy basshı:** **S.Bawatdinova – filologiya ilimlerinin’ kandidatı**

**NO’KİS- 2016**

**JAQLAWG’A RUXSAT ETİLDİ:**

Fakultet dekanı: f.i.k. E. Allanazarov

Kafedra baslıg’ı: prof. K. Allambergenov

İlimiy basshı: f.i.k. S. Bawatdinova

**Pitkeriwshi Paxratdinova Arıwxannın’ “A.Dabılovtın’ “Bahadır”da’stanında da’wir haqıyqatlıqlarının’ jırlanıwı ha’m onı oqıtıwdın’ aldın’g’ı pedtexnologiyalıq usılları”** temasındag’ı bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumısın ko’rip shıg’ıp attestatsiya komissiyasının’

**Q A R A R I:**

**Pitkeriwshi Paxratdinova Arıwxannın’ “A.Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanında da’wir haqıyqatlıqlarının’ jırlanıwı ha’m onı oqıtıwdın’ aldın’g’ı pedtexnologiyalıq usılları”** temasındag’ı bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumısına «_______» bahası qoyılsın.

MAK basshısı: ___________________________

MAK ag’zaları: _________________________

_________________________

_________________________

_________________________

_________________________

**TEMA: A.DABILOVTIN’ “BAHADIR”DA’STANINDA DA’WİR HAQIYQATLIQLARININ’ JIRLANIWI HA’M ONI OQITIWDIN’ ALDIN’G’I PEDTEXNOLOGİYALIQ USILLARI**


Jumıstın’ ulıwma sıpatlaması……………………………………….4-6

KİRİSİW……………………………………………………………7-10

I BAP

A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanının’ ideyasın ha’m tematikasın u’yretiwde qollanılatug’ın aldın’g’ı pedagogikalıq texnologiyalar………………………11-41

II BAP

Abbaz Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanında tariyxıy da’wir haqıyqatlıqlarının’ jırlanıwın oqıtıw metodikası ……………………………………………...42-72

JUWMAQ ……………………………………………………………..73-79

Paydalanılg’an a’debiyatlar……………………………………… 80-81

**Jumıstın’ ulıwma sıpatlaması.**

**Temanın’ aktuallıgı:** Ha’zirgi da’wirde o’z ga’rezsizligin alg’an O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan xalqı tariyxta atı qalatug’ın jan’a da’wir basladı. Xalqımızdın’ ko’p asirlik arzıw-a’rmanları iske asıp atırg’an waqıtta birinshi na’wbette a’melge asırıw za’ru’r bolg’an a’hmiyetli ma’selelerdin’ biri- xalqımızdın’ milliy miyrasın qayta tiklew itibarlılıq penen qatnas jasaw, xalqımızdın’ neshshe a’sirler dawamında qa’sterlep bizge jetkizgen xalıqlıq miyraslarınan u’yreniw, xalıq shayırları do’retiwshiliginin’ qırı menen sırın u’yreniw. Solardın’ biri “Bahadır” da’stanının’ da’stu’riy joldı dawamlawı, tariyx penen baylanısı, tariyxıy da’wir haqıyqatlıg’ın jırlawın ha’r ta’repleme u’yreniw temamızdın’ aktuallıg’ı bolıp esaplanadı.

Qaraqalpaq a’debiyatında xalıq shayırlarının’ do’retiwshilik jolı xalıq miyasların o’zlerinde teren’ o’zlestiriwi arqalı, xalıqtın’ ma’deniy ruwxın qanaatlandırıp, milliy o’zlikti o’zinde sa’wlelendiriw arqalı ajıralıp turadı. Xalıq shayırları eski miyraslardı o’zinde saqlawı, da’stu’rlerdi rawajlandırıp bayıtıwı, bizin’ da’wirimizde de a’debiy ma’deniy miyraslardı dawam ettiriwi arqalı u’lken dıqqatqa ılayıq.

Qaraqalpaq xalıqı basqa xalıqlardan o’zinin’ tarıyxı, etnogenezi, a’debiyatı, ma’deniyatı, milliyligi, miymandoslıg’ı ha’m t.b. belgileri menen ajıralıp turadı. Adamlardın’ milliy ma’deniyatı, psixologiyası ja’miyettin’ rawajlanıwı menen birge rawajlanıp baradı. Mine usınday ta’biyg’iy nızmalılıqlarg’a sa’ykes xalıq shayırları do’retpelerinde o’zine ta’n o’zgeshelikler sa’wlelendirilip otırg’an. A’sirese XIX a’sir tariyxta qaraqalpaq xalqı ushın ko’plegen tarıyxıy jag’daylarg’a tolı da’wiri, ag’artıshılıq da’wiri keskin burılıslar da’wiri bolıp esaplanadı. Usı da’wirde a’yyemnen kiyatırg’an xalıq miyraslarındag’ı da’stu’riy da’stan do’retiwshilik jolı o’zgeshe rawajlandırılg’anın ko’riwge boladı. Bul o’zgeshelikler jazba a’debiyat penen tıg’ız baylanısta, real obraz do’retiw usılları menen baylanıslı, turmıstag’ı qubılıslardı tariyxıy-ilimiy negizlerge bayıtıp xalıq shayırları

tiykarg'ı sheberliklerin rawajlandırıp da'stan janrın rawajlandırıp otırdı. Zan'lı tu'rde a'debiyattın' rawajlanıwın, Abbaz shayırdın' do'retiwshiliginde da'stannın' bayıtılıwın, tarıyxıy shınlıqtı sa'wlelendiriw sheberligin ashıp beriw temamızdın' tiykarg'ı aktuallıg'ı bolıp esaplanadı.

**İzertlewdin' maqset ha'm wazıypası:** Ha'zirgi ku'nde ilimnin' qaysı tarawı bolsa da jan'a talaplar da'rejesinde izertlewdi na'zerde tuta otırıp, ha'r bir ilimiy izertlew jumısının' anıq maqsetler menen wazıypanı tolıq biliwdi talap etedi. Usınday talaplardan kelip shıqqan halda qaraqalpaq a'debiyatında Abbaz shayırdın' do'retiwshiligindegi da'stan janrının' rawajlandırılıwı, " Bahadır" da'stanında tariyxıy da'wir haqıyqatlıqlarının' jırlanıwın oqıtıw metodikasına izlenisler alıp barıw.

**İzertlew jumısının' jan'alıg'ı:** Qaraqalpaq a'debiyatında xalıq shayırı Abbaz Dabılovtın' do'retiwshiligi ha'r ta'repleme izertlenildi. Atap aytqanda, N.Dawqaraev. Shıg'armalarının' tolıq jıynag'ı. III tom. I-II bo'limler. "Qaraqalpaqstan" baspası, No'kis – 1979-jıl. S. Niyetullaev. Abbaz Dabılovtın' tvorchestvolıq jolı "Qaraqalpaqstan" baspası, No'kis – 1972-jıl. S. Axmetov. Qaraqalpaq sovet poeziyası tariyxının' ocherkleri. No'kis. QQMB, 1961-jıl. A'.Paxratdinov. Abbaz shayırdın' ko'rkemlik du'nyası. "Qaraqalpaqstan" baspası, No'kis – 2009-jıl. M. Jumamuratova. So'z marjanın dizgenler. No'kis. "Bilim" baspası. h.t.basqa da ilimiy izertlewler obiektine alındı. Bizin' bakalavr pitkeriw qa'niygelik jumısımızda Abbaz Dabılovtın' "Bahadır" da'stanında tariyxıy da'wir haqıyqatlıqlarının' jırlanıwın oqıtıw metodikası endi jan'adan baslanıp atırg'an jumıs bolıp esaplanadı.

**İzertlewdin' metodologiyalıq tiykarı ha'm teoriyalıq bahası:** İzertlew jumısında biz aldımızg'a qoyg'an wazıypanı sheshiwde birinshi gezekte tariyxtin' rawajlanıwında dialektikalıq printsipke gumanistlik ulıwma adamzatqa ta'n bolg'an obiektivlik ko'z-qarasqa su'yindik. G'a'rezsizlik alg'an da'wirden baslap O'zbekistan ha'm Qaraqalpaqstan Respublikasında bolıp atırg'an progressivlik

o’zgerisler demokratiyalastırıw, jan’alanıw, qa’sterlep u’yreniw, o’zimizdin’ milliyligimizdi belgilew, xalıq shayırlarına bolg’an bu’gingi ku’nnin’ talabı taza teoriyalıq pikirlerdi ju’zege shıg’ardı.

**İzertlewdin’ tiykarg’ı metodı:** Jumısımızdın’ tiykarg’ı izertlew metodı retinde tarıyxıy-salıstırmalı, tariyxıy-tipologiyalıq metod xızmet atqardı.

**İzertlewdin’ a’meliy a’hmiyeti:** İzertlewdin’ juwmaqları Abbaz shayırdın’ do’retiwshiligin u’yreniwde ilimiy monografiyalar, sabaqlıqlar, maqalalar jazıwda, ta’lim-ta’rbiya protsesinde joqarı ha’m orta arnawlı oqıw orınları, kolledj, litseyler ushın sabaqlıqlar, oqıw qollanbalar jazıwda ha’m lektsiyalar oqıwda, arnawlı kurslar oqıtıwda, metodikalıq qollanbalar jazıwda xızmet etedi.

**Jumıstın’ aprobatsiyası:** Bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumısı A’jiniyaz atındag’ı NMPİ Qaraqalaq tili ha’m a’debiyatı fakulteti, qaraqalpaq a’debiyatı kafedrası ma’jlislerinde, seminar ken’eslerde bayanat etildi.

**Jumıstın’ qurılısı:** Jumıs Kirisiw, 2 bap, juwmaq ha’m paydalanılg’an a’debiyatlar diziminen turadı.

# KİRİSİW

Prezidentimiz İ. A. Karimov “ Turmısımızdın’ barlıq salalarında a’melge asıtılıp atırg’an ken’ ko’lemli reformalarımızdın’ na’tiyjeligi da’slep xalıq ruwxıy du’nyasının’ tikleniwi, bay tariyxıy miyrasımızdın’ teren’ u’yreniliwi, da’stu’r ha’m u’rp-a’detlerimizdin’ saqlanıwı, ma’deniyat ha’m ko’rkem o’ner, ilim ha’m ta’limnin’ rawajlanıwı, en’ a’hmiyetlisi, ja’miyet oy-pikirinin’ o’zgeriwi ha’m joqarılawı menen ajıralmas baylanıslı”[1], – dep atap ko’rsetken edi.

Burınnan shayırshılıqta bay ta’jiribege iye Abbaz tariyxıy da’wir siyasatı qanday bolsa, ja’miyetlik o’mir de sonday bolatug’ınlıg’ın biletug’ın edi. Biraq, qalay bolsa da elge, xalıqqa xızmet ete biliw mashqalası qay-qaysı shayırdın’ bolsa da o’mirdegi azamatlıq wazıypası bolıp qalatug’ınlıg’ına ol qanıq boldı. Sebebi, har qanday a’debiy ha’reket tariyxıy da’wir o’miri menen tıg’ız baylanıslı jag’dayda g’ana du’nyag’a keledi. A’debiyat onnan azıqlanadı ha’m onı o’zinde sa’wlelendiretug’ınlıg’ına qanıq edi.

Mine, usı da’wirdegi a’debiyat ha’m ma’deniyattag’ı ha’r bir do’retiwshi xızmetkerge wazıypa bolıp turg’an missiyanı orınlag’an halda shayır o’z ja’ma’a’tine bul ga’plerdi aytqan edi.

Onın’ do’retiwshilik miynetin u’yrengen, izertlegen waqıtları ba’rqulla kimnin’ aldında bolsa da Abbaz shayır kim edi? degen birinshi da’rejeli soraw turadı. Bul sorawdı anıq sheship, anıqlap almag’ang’a shekem onın’ ha’r bir da’wirdegi do’retiwshilik miynetlerine baha berip barıw qıyın boladı. Durısında da Abbaz shayır kim edi?

Patsha Rossiyasının’ Tu’rkstan general-gubernatorlıg’ı qaramag’ındag’ı A’miwda’rya bo’liminin’ Shımbay uezdine qaraslı Ko’ko’zek barıslıg’ındag’ı Qaraoy degen jer qaraqalpaqlardag’ı Aqjag’ıs, Ko’ko’zek boyı dep atalatug’ın

---

[1] Karimov İ. A. “ Joqarı ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh” . Tashkent. “Ma’naviyat”. 2008-j. 76-bet.

ataqlı Nurılla axun medresesi a’tirapına ja’mlengen bes meshit dep dan’qı a’lemge taralg’an sharapatlı ma’kan edi. Bul jer qaraqalpaqlardın’ ju’da’ ko’p toplang’an, mektep, meshitlerdin’ ko’p jeri. Jıraw, baqsı, shayır, qıssaxanlardın’ ma’kanı dep atalatug’ın orın boldı. Ja’ne bir ayrıqsha jeri arqası Qızılqum menen shegaralasqan eldin’ ortasınan Aqjag’ıs, Ko’ko’zek da’ryaları ag’ıp o’tip turg’an ta’biyatı go’zzal jer. Sonday-aq Qabul, Tegeran, go’ne U’rgenish, Qumo’zek, Aydos qaladan Jan’a da’ryaga Jipek jolının’ kesip o’tetug’ın jerinde Abbaz shayır tuwıldı, balalıg’ın sol jerde o’tkerdi.

Abbaz shayırdın’ shan’arag’ındag’ılar sawatlı adamlar edi. Babası Sadban Buxarada Ko’kaldash medresesin pitkergen. Awılda jer egip, mal saqlap o’z xojalıg’ın baqqan. Balaların, qızların o’z u’yinde oqıtqan. Dabıl babası Sadbannın’ meshitinde oqıp bilim alg’an, iyshanlıq da’rejesine jetisken. Abbaz mine usınday ma’deniyat oshag’ının’, xalıq ko’rkem o’nerinin’ qaynap atırg’an ma’kanında du’nyag’a kelgen ha’m ta’rbiyalang’an.

Abbaz shayır 1898-jılı Shımbay Uezdinin’ Ko’k o’zek bolıslıg’ında, ulama adamnın’ shan’arag’ında tuwılıp, ta’rbiya alg’an, 1930-jıllardan baslap qaraqalpaq a’debiyatında qa’lem terbetken xalıq shayırı ha’m qıssaxan bolg’an. Abbaz shayır 8-9 jaslarında a’kesi Dabıl iyshan Qaraqum iyshannın’ bas xatkeri bolıp xızmet etiwine baylanıslı onın’ shan’arag’ı Aqjag’ıs boyınan Qaraqum iyshang’a ko’ship ketedi. Biraq, ko’p uzamay Dabıl iyshan o’lip, Abbaz shayırdın’ shan’arag’ı qaytıp Qaraoyg’a ko’ship ketedi. Abbaz shayır awılg’a kelip oqıwın Nurılla axun medresesinde dawam ettiredi. Ol qay jerde, kimnin’ qolında xızmet etip ju’rse de jas bolıwına qaramastan adamlardın’ psixologiyasın, eldin’ keypin baqladı. Eldegi o’mir su’rip turg’an sotsiallıq ten’sizlikti ko’rdi. Qansha qıyın jag’daylarda jasasa da, qansha ash-jalan’ash qıynalıp turmıs keshirse de o’z xalqının’ ruwxıy ma’deniyatı ku’shli ekenligin ko’rdi. Xalıq o’z a’psanalarında, erteklerinde, qosıq jirlarında, da’stanlarında erkinlikti, a’dillikti, toq turmıstı a’rman etetug’ınlıg’ın tu’sindi. O’z xalqının’ arzıw-a’rmanların, qıyın turmısın tu’singen ol xalqı qapa

bolsa qayg’ırdı, xalqı quwansa quwanıp jasadı. O’z talantın xalıqtın’ jırın jırlawg’a, da’rtin jen’illetiwge arnawdı maqset etip qoyg’an Abbaz jas waqıtlarınan baslap-aq xalıq qosıqların, da’stanların u’yrendi. O’zi de qosıqlar jazdı. Elinin’ shıg’ısınan batısına shekem, qublasınan arqasına shekem aralap, ma’deniyatın, tariyxın u’yrendi. Solay etip ol XX a’sirdin’ basında Shımbaydag’ı Qazı Ma’wlik du’zgen (Ma’wdit qızı Bekmuxammed ulı) shayırlar ha’m qıssaxanlar mektebine barıp qosıldı. Endi jas shayır bul mekteptin’ qosıq jazıwdın’, qıssa oqıwdın’ a’jayıp sırların u’yrndi. Xalıqqa a’debiyat ha’m ko’rkem o’neri menen xızmet etiw da’stu’rlerin rawajlandırıwg’a shıntlap kiristi.Bul jilları qaraqalpaq xalqının’ a’debiyat ha’m xalıq ko’rkem o’nerinin’ da’slepki jıllarg’a qarag’anda biraz rawajlang’an jılları edi. A’sirese, xalıq burın tek arab, parsı shıg’ısı tariyxı menen g’ana baylanısta bolg’an bolsa, endi qaraqalpaqlar Rossiya arqalı ja’ha’n ma’deniyatı menen baylanısıp, o’z gezeginde o’zge du’nya xalıqları qaraqalpaqlardın’ tariyxı menen qızıqqan a’siri edi. Bul a’sirde elde ma’deniyat oshag’ına aynalg’an ha’m onı basqaratug’ın eki shayırlar ha’m qıssaxanlar mektebi o’mir su’retugın edi. Bul mektepte Annaqul shayır Mambetxoja ulı, Qulmurat xoja Qurbanalı ulı, Qorazbek Razbek ulı, Sıdıq Toqpan ulı, A’bdiqa’dir Bekimbet ulı, Qazı Ma’wlik Bekmuxammed ulı, Sa’piwra Jayılbek qızı, Omar Su’yirbek ulı, Jan’abay Qaratay ulı, Ayapbergen Muwsa ulı ha’m tag’ı basqa ko’plegen ku’shli demokrat shayırlar toparı bar edi. Abbaz shayır usı demokrat shayırlar toparına barıp qosıldı. Olardın’ a’debiyat ha’m ma’deniyat maydanındag’ı a’jayıp dastu’rlerin basshılıqqa alg’an jag’dayda o’z do’retiwshilik xızmetin rawajlandırıwg’a kiristi.

Ha’r qanday a’debiyat, ko’rkem o’ner tariyxında burinnan elge, xalıqqa da’stu’r bolıp kiyatırg’an ma’deniyat jolların basshılıqqa alıp, tariyxıy da’wir o’miri menen jasaytug’ın zan’lılıq bar. Al, Abbaz shayır ka’malatqa jetkende, baslarında qaraqalpaqlardın’ ja’miyetlik turmısında burın bolıp ko’rmegen o’zgerisler ju’z berdi. Bul qaraqalpaqlardın’ tikkeley Rossiya patshıg’ının’

koloniallıq siyasatında bolg'anlıg'ı sebepli Rossiyadag'ı bul jıllardag'ı pu'tkil Rossiyalıq revolyutsiyalıq ha'reket dep atalg'an u'lken o'zgerislerge baylanıslı kelip shıqqan edi. A'sirese, 1905-1907-jıllardag'ı burjuaziyalıq-demokratiyalıq revolyutsiya jen'ilgennen keyin, patsha hu'kimeti bul revolyutsiyag'a qatnasqanlardı qamap, asıp o'ltirip, su'rginge aydap atırg'an bir waqıtları Rossiyanın' en' tu'pkirdegi u'lkelerinin' biri Moynaqqa, U'rgege, Shımbayg'a, To'rtku'lge, Qon'ıratqa revolyutsiyag'a qatnasqan ko'p sanlı sotsiallıq-demokratlar su'rginge aydalıp keldi. Usı tariyxıy da'wirlerde Tu'rkstanda da progressivlik jadidlik ha'reketler en jaydı. Olar Orta Aziya xalıqların monarxiyalıq artta qalıwshılıqtan oyatıw, xalıqtı sawatlandırıw kerek dese, Evropa ma'deniyatınan da paydalanıw ma'selelerin ko'terip shıqtı. Olar sol jıllardag'ı a'dalatsızlıqlarg'a qarsı gu'res otın tutandırdı. Olardın' o'zlerinin' baspa so'zleri boldı. Jadidler o'z baspa so'zlerinde eldegi a'dalatsızlıqtı tınımsız a'shkaralap turdı. Sonın' menen birge Tu'rkstan general-gubernatorlıg'ına qaraslı jerlerge ko'p tarqalatug'ın "Туркестанские ведомости", "Samarqand", "Tu'rkistan walayatı", "Chukuch" gazetaları, "Средняя Азия", "Molla Nasreddin" jurnalları patshalıq Rossiyanın' koloniyallıq turmısında bolıp atırg'an waqıyalardı tınday ja'riyalap turg'an edi. Bul jılları xalıq barlıq siyasiy waqıyalardan xabardar bolıp turdı. Sonın' ushın da Qaraqalpaqstan aymag'ında 1908-1916-jıllarda xalıq azatlıq ha'reketleri dep atalg'an o'z xojeyinlerine qarsı guresler ha'wij alg'an edi. Bul da'wirlerde ja'miyetlik turmıs u'lken bir gu'yzeliske tu'sti. Xalıq turmısında u'lken bir belsendilik payda boldı. Ja'miyetlik turmıstı o'zgertiw, xalıq hu'kimetin o'z qollarına alıw, jer-mulkke o'zi iyelik etiw ushın degen gu'reske bul jılları xalıq massasının' ko'pshiligi qosıldı. Demokratiyalıq ko'zqarastag'ı xalıq shayırlarının' barlıg'ı eldegi azatlıq, erkinlik ushın bolıp atırg'an shaqırıqqa qosıldı. Abbaz shayırdın' shayırshilıq talantının' qa'liplesiw jılları usı payıtlarg'a tuwra keldi."Bahadır" da'stanın 1946-jılları do'retken. Da'stan totalitarlıq da'wirinde do'retilgen. Usı da'wirde jasag'an ha'm shıg'armalar do'retken jazıwshı-shayırlar sıyaqlı Abbaz shayır da o'z da'wirinin' ruwxı menen jasadı.

# I BAP

## A. DABILOVTIN’ “BAHADIR” DA’STANININ’ İDEYASIN, TEMATİKASIN U’YRETİWDE QOLLANILATUG’IN ALDIN’GI PEDAGOGİKALIQ TEXNOLOGİYALAR

Abbaz Dabıl ulının’ “Bahadır” da’stanı onın’ uzaq jıllarg’ı do’retiwshilik ta’jiriybelerinin’, do’retiwshilik oylarının’ juwmaqlarınan tuwg’an shıg’arma. Eki ja’miyetlik qurılısta jasap, eki o’mirdi de ko’zi menen ko’rgen a’piwayı qaraqalpaq diyqanının’ o’mir shınlıqların jazıwı a’lbette shayırg’a da jen’il tu’sken joq. A’sirese, onı XX a’sir a’debiyatının’ printsiplerin basshılıqqa alıp jazıwı ushın xalıq shayırına o’z zamanlaslarınan ko’p ma’sla’ha’tler alıwına tuwra keldi. Sebebi, waqıyalardı xalıq inang’anday reallıq penen su’wretlew, bul reallıqtı anıq tariyxın obiektivlik penen baylanıstırıw ja’ne de onı revolyutsiyalıq rawajlanıw[2] halında ko’rsetiw qansha ta’jiriybeli shayır bolg’anlıg’ı menen an’sat emes edi.

Sonlıqtan da xalıq shayırı da’stan jazıw ma’selesinde eki printsipti basshılıqqa aldı. Birinshiden, da’standı folklorlıq da’stanlardın’ traditsiyalıq jolı menen islep shıg’ıw, biraq qaharmandı kem-kemnen o’siw arqalı bir ja’miyetlik qurılıstan shıg’arıp, ekinshi jan’a ja’miyetlik qurılıstın’ qaharmanı etiw, onı jan’a ideya, jan’a sana menen qurallandırıw ma’selesinde shayırg’a ja’rdem bergen na’rse o’zinin’ eki ja’miyetlik o’mirdi o’z ko’zi menen ko’riwi, o’z basınan keshiriwi edi. Ekinshiden, jazılajaq da’standa o’zi jasap turg’an ja’miyettin’ a’debiyatı ha’m ko’rkem o’nerinin’ baslı printsiplerin basshılıqqa aldı. Bunnan aldın shayır xalqına u’lken epikalıq shıg’armalar jazatugınlıg’ına ashiq wa’de etti. Ma’selen, ol ko’p jerlerde mına to’mendegi so’zler menen shıg’ıp so’yledi:

Sherik boldım sizler menen zamang’a,

O’kinbedim burıng’ı o’tken a’rmang’a,

---

[2] Теория литературы. Изд. «Наука». М., 1965г. Введение в литературоведение. М., «Высшая школа». 1983 г.

Ja’rdem ber dep keyinlegen shabang’a,

Jazıwshılıq jolına dep soradım.

Da’stanlar jazıwg’a wa’de etemen,

Pitkergen son’ aldın’ızdan otemen,

Wa’de qılıp sol wa’deme jetemen,

Tutılmasa tilim menen qulag’ım.

So’z baslayın ka’nin tawıp da’stannan,

At shıg’ama  jazbayman dep qashqannan,

Jerge kirip yaki ushsa aspannan,

Tabaman qıdırıp so’zdin’ bulag’ın, -

dep xalqına wa’de qıldı. Ja’ne de ko’p keshikpey sol wa’desin orınlawg’a kiristi.

Da’standa el ishindegi bul xalıq da’stu’ri. Bul durıs ju’da’ progressivlik xalıq da’stu’ri. Ol da’stu’rde adamlardın’ bir-birege qayırqom mehriybanlıg’ı, qolınan kelgen ja’rdemdi ayanbawı, awızbirshiligi  ko’rinedi. Bir qızıq jeri o’li o’lgen jerdegi burınnan son’g’ı bolatug’ın diniy u’rp-a’detler ko’rsetilmeydi. Xalıqtın’ o’li shıg’arıw da’stu’rleri bul da’standa az. Bul totalitarlıq rejim siyasatının’ aqıbetinen da’stang’a bolg’an nuqsan bolsa kerek. Allang’or taz xalıq da’stu’ri menen ko’miledi. Biraq, da’standa Allang’ordın’ merekesin xalıq jaqsı jayg’astıradı. Da’stannın’ bul jeri oqıwshını qattı qızıqtıradı. Shayıra Allang’ordın’ asına nege diniy u’rp-a’det joq bul haqqında bir awız aytpaydı. Ol onnan basqa el

dastu’rin jaqsı beredi. Ja’ne de Allang’ordı ko’mip bolg’annan keyingi Shınargu’ldin’ ku’yewin aytıp joqlawı. Joqlaw a’yyemgi da’wirlerden kiyatırg’an ku’yewin aytıp joqlawı. Joqlaw a’yyemgi da’wirlerden kiyatırg’an xalıqtag’ı turmıs-salt jırlarının’ u’lken bir tarawı. Xalıq shayırı bunı ju’da’ sheber shıg’armanın’ tiykarg’ı mazmunına bag’ındırıp qurg’an. Joqlawda ja’miyette ko’p jasag’an, biraq hesh a’dilliktin’ nıshanın bir ko’re almay ketken adamnın’ obrazın jaqsı islep shıqqan. Ol qurg’aq debdiw emes, ja’miyetlik o’mir shınlıqları menen baylanıstırılg’an. Joqlaw sonda dramatizm menen tolı ha’tte, bunday shıg’armalardı awizeki xalıq do’retpesinde siyrek tabasan’.

Jigittin’ en’ jetkennen keyin ag’a tawıp, bas qosıp, el aralap, qız tan’lawı da qaraqalpaqlarda bar xalıq da’stu’ri. Mine, usınday xalıq da’stu’ri menen jasag’an Azat penen Arıslan el aralap, qız tan’laydı. Ol bir awılda Tolıbay bay menen orta hallı Ta’jimbet degen diyqannın’ qudalıq toyının’ u’stinen shıg’adı. Da’stan usınday xalıq da’stu’rine bay.

Xalıq shayırı bizge burınları ja’miyette bolg’an ha’r bir waqıyada tolıp atırg’an qarama-qarsılıq, tolıp atırg’an ja’miyetlik konflikt bar dep ko’rsetkisi kelgenligin ko’remiz.

Ta’jimbet Tolıbaydın’ mal-du’nyasına qızıp, o’z perzentinin’qayıl bolıw-bolmawına qaramay onın’ menen quda boladı. Onı esitken Ta’jimbettin’ qızı Qırmızı a’kesine narazı boladı. Sebebi, Tolıbaydın’ balasın su’ymeydi. Solay etip, qızı menen a’kesinin’ arasında keskin konflikt jag’day kelip shıg’adı. Qız ayttırıw, quda tu’siw bul da el da’stu’ri. Biraq, bul jerde xalıq shayırı da’stu’rler arasındag’ı qarama-qarsılıqlardı da ko’rsetedi. Mısalı: Bul da’stu’r basqa da’stu’rlerge qarama-qarsı. O’ytkeni, ol adam erkinligine tiykarlanbag’an ja’ne de jeke ma’plerdi qanaatlandırıwg’a qaratılg’an. Bizge en’ bahalısı shayır el da’stu’rin el ha’meldarları, mallı, hallı adamlar ta’repinen burmalang’anlıg’ın ko’rsetedi. Qırmızı usı burmalang’an da’stu’rdin’ qurbanı bolıp qaladı. Mal-du’nya qızg’an Qırmızının’ a’kesi de, sheshesi de qızının’ ga’pin ga’p eken dep tın’lamaydı.

Shıg’armada waqıya ju’da’ shiyelenisken jag’dayda ko’teriledi. Sonlıqtanda qız jen’gesi Du’rdanag’a:

Jen’ge mag’an kim boladı pa’rmana,
Biykeshinin’ at basınday a’rmanı,
Atın’ ne sebepten boldı Du’rdana,
Ten’im tabılarma xalıq arasınan?!
Kewilime alg’an jigitimdi su’ymesem,
O’mirden ne payda su’yip tiymesem,
O’zim piship, o’zim tigip kiymesem,
Ne payda ja’ha’nnin’ ken’ dalasınan?!

Mag’an qapılganday sonsha ja’ha’nnen,
Qalay qostar bolar Artıq jamannan,
Tu’ssem qaytıp shıg’almaspan tabannan,
Jen’ge, qutqarsan’shı bay balasınan?!

Men’dey bolıp qız barmeken shatılg’an,
On bes sıyır, on o’gizge satılg’an,
Tuwg’an ayı bultqa ushırap batılg’an,
Xorlıq, zorlıq ko’rip  ata-anasınan?!

Ko’rgenler Artıqtı a’ljuwaz deydi,
Qıysıq, pushıq, jırtıq, bas taz deydi,
Ladanlıg’ı basım, aqıllı az deydi,
Er bola almas deymen ol shamasınan!

Jen’gejan aqıl tap bug’an sen bu’gin,
Jamang’a tiy degen bul qanday hu’kim?!
Bir zilge aylandı iynimde ju’gim,
Qalın’ bolıp qara tawdın’ tasınan.

Ata-anam qaramadı halıma,
Ko’zi qızıp jetip baydın’ malına,
Bir egewdi saldı menin’ janıma,
Da’rt baylandı ju’regimnin’ janınan – dep arız qıladı.

Qırmızının’ usı so’zinde onın’ erkinlikti ku’segen hawazı qanday jan’lap esitiledi. Biraq, onın’ gu’ldey o’miri mal-du’nyaga’ awmastırılg’an. Qız adam bolıp du’nyag’a shıqqanlıg’ına ırza. Biraq, o’z erkine o’mir su’re almag’anlıg’ına na’riyza. Sonlıqtanda qaharmannın’ erkinlik hawazı da, mun’lı hawazı da qosılıp jan’g’ıradı. Bul arqalı biz XX a’sirden aldın’g’ı qaraqalpaq hayal-qızlarının’ ishki du’nyasın shayırdın’ sheber bergenliginen ko’remiz.

Bul hawaz passiv emes, belsendi optimistlik hawaz. Bul tek qıynalıw, erkinlikke shıg’ıwdı a’rman etiw emes. Ol a’rman etken erkinlikke qalay jetiwdin’ jolların qaralastırıw, izlenip jolına shıg’ıw. En’ aqırında bul Qırmızıdag’ı erksizlikke qarsı narazılıq – ol o’z da’wirindegi jazıwlıqlarg’a qarsı qaratılg’an gu’restin’ nıshanı ekenligin ko’rsetedi.

Qız arzası arqalı biz feodallıq ja’miyet da’stu’rlerinin’ adam baxıtlı menen u’ylespeytug’ın jerlerinin’ ko’p ekenligin sezemiz. Ja’ne de elde eki tu’rli ideologiya bar ekenligin ko’remiz. Ja’miyette ba’rha’ bir-birlerine qarsı gu’resler bolg’anlıg’ın, bir jerlerde erkinlik ushın gu’resler tarıyxı bolg’anlıg’ın ko’remiz.

Sonlıqtanda bunı biz jekke qızdın’ arzası dep tu’sinbeymiz, al ol XX a’sirge shekemgi bir tutas qaraqalpaq hayal-qızlarının’ ja’miyetlik hawazı dep te

qaraymız. Da'standag'ı jekke qaharmanlardın' zarları arqalı bizge bir pu'tin milletlik, xalıqlıq zarlardı da esitemiz. Bul haqqında M. Gorkiydin' Ukraina xalqının' ullı shayırı T. G. Shevchenkonın' shıg'armalarına xarakterli "Shevchenkonın' jekke ta'g'diri haqqındag'ı zarlarında barlıq malorossiyanın' zarları esitiledi. Onın' qazaq ta'g'diri haqqındag'ı eske tu'siriwlerinde siz onın' xalqının' eske tu'siriwlerin ug'ınasız"[3] – degen danalıq pikirlerin eski tu'sirsek boladı.

Bul a'ke menen bala arasındag'ı konflikttin' tuwılıwı ha'm balanın' a'kege qarsı gu'resi XIX a'sirdin' aqırlarındag'ı XX a'sirlerdin' baslarındag'ı qaraqalpaqlardın' ja'miyetlik o'mirlerindegi payda bolg'an tariyxıy protsess. Onın' u'lken tariyxıy tamırları bolıwı kerek.

Mısalı, feodallıq urıwlıq qurılıstın' ıdırap qaraqalpaqlardın' o'siw protsesi jan'a ja'miyetlik qurılısqa o'tiw kerekligin talap etip turg'an bir tariyxıy gezen'lerindey bir jag'daylardı sezemiz. Durısında da XX a'sirdin' aldın'g'ı qaraqalpaq jag'dayları tariyxshı-ilimpazlardın' aytıwlarına qarag'anda da urıwg'a bo'liniwshilik ku'shli bolg'anlıg'ı menen ol qashshan-aq urıw bolıwdan qalg'an, urıwdın' mazmunı o'zgerip, o'z ishinde ku'shli rawajlang'an antogonistlik qatnasıq bar, tek rawajlang'an tu'rdegi feodallıq ja'miyetlik formag'a aylang'an[4] mazmunda jasap turg'an ga'na ja'miyetlik qurılıs edi, degenlerde de ko'p ma'ni bar deymiz.

Bunda biz ideallar tag'diri, gu'resler ta'g'dirlerin ko'remiz. Sebebi, xalıq ha'mme waqıtlarda jawızlıqqa qarsı edi. Sonın' ushın da o'z a'ke-sheshesine qarsı bara almag'an qız o'z jen'gesine o'z a'rmanın, o'z idealın aytıp jılaydı. Bunda

[3] Т. Г. Шевченко, «Кобзор», ГИХЛ, Москва, 1954 г. стр 13.

[4] S. P. Tolstov. Ko'shpeli mal sharwashılıg'ı menen shug'ıllanatug'ın ja'miyetlerdegi feodalizmnin' genezisi. GAIM, 1934-jıl, 190-bet.

u'lken gu'res tu'ri, a'ke menen bala arasındag'ı gu'res bolmag'an menen a'dillik, a'dilsizlik da'stu'rler arasındag'ı gu'res ekenligin ko'remiz.

Qırmızının' erkinlik haqqındag'ı bul zarı Du'rdana ta'repinen quwatlawg'a erisedi. Biraq, bularg'a bir tutas feodallıq ja'miyetlik ta'rtip qarsı keledi. Ol ta'rtiplerdin' ko'rinislerinin' biz qızdın' a'kesi Ta'jimbet obrazı arqalı jaqsı ko'remiz.

Du'rdana qızdın' a'kesine qızı Qırmızının' zarın aytıp kelgende:

Ta'jimbet ko'zin alartıp,
Ren'kin qubartıp,
Qabag'ın u'yip,
Qatınlardan mag'an ka'tquda boldı ma dep,
İshi ku'yip,
Bar ku'shin jıyıp,
İsinip ketip kiyimine zordan sıyıp,
Ornınan ırg'ıp turıw menen,
Ta'p berip juwırıwı menen,
Du'rdananın' arqasına,
Eki qamshını urıwı menen,
U'yine kelip otırg'an,
Adamlarg'a qarap bılay dep so'yledi:

Menin' en'begim kuymesin,
Qudamnan alatug'ın malıma,
Tap usı qatınnın' kesiri tiymesin,
O'zi malg'a satılıp kelgen qatın,
Qudamız benen aramızdag'ı doslıqtı,

Buzayın de pot taslap,

Ku’sheytip ju’rg’oy bul pa’tin,

Qudamdı shaqırıp toyımdı,

Bermesten burınıraq,

Bul qatındı bir ba’lege shatın,

- dep hu’kim etedi. Bunda turmıstag’ı a’dillikke, haqıyqatlıq aytılg’anda mal-du’nyag’a satılg’an Ta’jimbettin’ burınnan tap onın’ ishki psixologiyasının’ ko’riniwine qaran’, usı ko’zqarastag’ı, usı psixologiyadag’ı adam menen kelisiw mu’mkin be? A’lbette, joq. Ta’jimbet barıp turg’an jawız. Ja’miyette feodallıq da’stu’rlerdi iske asırıwshı figura. Ta’biyatı jag’ınan miynetkesh xalıq massasına qarsı adam.

Sonlıqtan da zan’lı tu’rde erkinlikke talpıng’an bala menen a’ke arasında shan’araqlı ha’m sotsiallıq konfliktler payda boladı. Bul a’ke menen bala arasında shan’araqlıq ha’m sotsiallıq konflikt XX a’sirdin’ basındag’ı da’wirde qaraqalpaq jag’dayındag’ı jan’a tuwılıp atırg’an keleshek ja’miyettin’ a’wladları menen burınnan ha’kimlik etip kiyatırg’an miyrimsiz bay, feodallar arasındag’ı payda bolg’an konfliktlerdey bolıp ko’z aldında elesleydi.

Mısalı, XX a’sirdin’ birinshi sheregindegi a’wladları o’tken a’sirlerdegilerge qarag’anda sotsiallıq konfliklerdi keskinlestirip jiberedi. Xalıqtın’ ja’miyetlik omirleri de belsendilesip tariyxta azatlıq ha’reketi dep atalg’an xarakterlerde qaraqalpaq jerinde ku’sheydi. Aqır ayag’ında bir ja’miyetlik qurılıstan ekinshi bir ja’miyetlik qurılısqa o’tiw menen sotsialistlik dep atalmısh ja’miyettegi qurıw menen tınıshlang’anı ha’mmemizge ayan.

Sonlıqtan da shayır bul “Bahadır” da’stanın folklorlıq da’stanlardın’ u’lgisinde jaratqanlıg’ı menen ondag’ı jan’alıq ha’m o’zgeshelik da’standag’ı waqıyalar bir ja’miyettin’ ramkasınan shıg’ıp, ja’miyetke revolyutsiyalıq o’zgerisler jasawı menen ondag’ı qaharmanlardı endi jan’a totlitarlıq rejimdi

qurılıp atırg'an zamang'a jetkeredi. Bul xalıq shayırının' o'z zamanının' a'debiyatı aldına qoyg'an talapların orınlag'anlıg'ın ko'rsetedi. Eger ol da'standı tek XX a'sirge shekemgi waqıyalardan du'zip g'ana qoyg'anda onın' da bahalı shıg'arma bolatug'ını dawsız.

Mısalı: Da'standı eldegi revolyutsiyalıq dep atalıwshı waqıyalar menen baylanıstırıw, xalıqtı bir ja'miyetlik formatsiyadan ekinshi ja'miyetlik formatsiyag'a o'tkeriw, a'sirese, da'stan janrının' o'zinde revolyutsiya jasaw bul so'zsiz xalıq shayırlarının' traditsiyalıq da'stanlardın' da'stu'rlerin teren' o'zlestiriwdin' arqasında bunday novatorlıq jasap otır. Bul so'zsiz o'z da'wiri ushın novatorlıq boldı. Ol a'lbette xalıq shayırlarının' tek bir g'ana da'stan janrının' printsiplerin iyelep alg'anlıg'ınan dep tu'siniw qa'te bolar edi. Al sonın' XX a'sir a'debiyatının' baslı metodının' baslı printsiplerin iyelep alg'anlıg'ın ha'm onı praktikada da'lilegenligin de ko'rsetedi. Bunısız xalıq shayırının' novatorlıg'ın da'lillew de qurg'aq ha'm u'stirtinlew bolg'an bolar edi. Xalıq shayırlarındag'ı tag'ı bir sheberlik sotsiallıq konfliktlerdi jasalma etip shıg'armastan, al onı adam inang'anday ha'm qızıqqanday etip ja'miyetlik o'mirdin' ku'ndelikli praktikasının' ishinen tuwdıradı. Suwretlenip atırg'an waqıyalar izbe-izleigin jog'altpaydı. Mısalı, Ta'jimbet penen qızının' arasındag'ı konflikttin' shiyeleniwine ham onın' kulminatsiyalıq noqatına aylanıwına Ta'jimbettin' qudalıq toyı sebep bolg'anlıg'ın ko'remiz.

Qudalıq toyg'a xalıq jıynaladı. Bul Qırmızının' erki menen sanaspay berilgen toy. Sonda da da'stu'r doyınsha qız qatar qız jen'geleri menen toyg'a shıg'adı. Bul toyg'a Arıslan menen Azat ta keledi. Mereke da'wirinde bular Qırmızı menen tanısadı. Qız jigitti ju'da' jaqsı ko'redi, su'yedi ha'm onın' jarlı bolıwına qaramastan qatarım dep tanıydı. Atasınan ja'bir ko'rgen qız qısqa waqıttın' ishinde Arıslang'a ashıq ekenligin aytıp u'lgeredi. Onın' ha'reketleri turmısta sınalıp ko'rilmegen bolsa dal el da'stu'rine qarap-aq jaman jigitler emes, haq peyil adamlar  shıg'ar, degen juwmaqqa keledi.

Merekede eki tarep bolıp, bir basıp ılaq oynagannan keyin gu’res tutıladı. Gu’reske Xiywa xanınan adamlar kelip, olardın’ da palwanları bul gu’reske qatnasadı. Xan palwanlarına gu’resiwge adam shıqpaydı. En’ aqırında xalıqtan ruqsat alıp xan palwanlarına Arıslan shıg’adı.

Eki palwannın’ ortag’a shıqqandag’ı ha’reketlerinde de, tilinde de eki ja’miyetlik qatlamlardın’ adamları – eki tu’rli ko’zqarastag’ı adamlar ekenligi ko’rinedi.

Xan palwanı Qaysar merege jıynalg’an xalıq aldında o’zinin’ jabayılıg’ı menen ko’zge tu’sedi. Ol eger o’zinin’ ku’shi kelmese, arqasında su’yenishi Xiywanın’ xanı bar ekenligin maqtanısh etip so’ylese, al Arıslan:

Aytqan so’zge qulaq salıp tusinsen’,
Tırrıyıp  maqtanıp qansha ku’shensen’,
Qaysar palwan sen ku’shin’e isensen’,
Mag’an ko’p tilekles xalqım, elim bar.

Tasqınlap so’yleysen’ Qaysar ha’rdayım,
Ko’p bolsa, jıg’arsan’ kelse, jag’dayın,
Men sag’an ku’shimdi bir-bir aytayın,
Jetilgen jetkinshek ag’a, inim bar.

Shımbay, Qon’ırat, Xojelidey qalamız,
Tog’ayım bar taypaq-taypaq dalamız,
Ka’nli duzlarım bar paydalanamız,
Maqtansam qısqa emes, uzın tilim bar,

- dep bildiredi.

Xan palwanı Qaysar menen Arıslannın' gu'resi ya o'lim, ya o'mir haqqında boladı. Biraq xan palwanı jıg'ılıp qaladı. Mereke taqarda Xiywadan kelgen jigitler Azat penen Arıslandı qamap uslap alıp, Xiywag'a aydap ketpekshi boladı. Bunı sezip Arıslan adamlardın' arasına qashıp qutıladı. Al, Azattı ko'p gu'resler menen Xiywadan kelgen adamlar qolg'a tu'siredi ha'm Xiywadag'a aydap ketedi.

Merekeden keyin Arıslan Qırmızı menen diydarlasadı.

Arıslan:

Qırmızının' na'zerinin' aldına barıp,

O'z basın to'men uslap turıp,

Sol waqıtta Qırmızı:

Etlerim jırtılıp, su'yeklerim maydalanıp ketkenshe jolında turaman, - deydi.

Bul qurı ga'p, biykarg'a berilgen wa'de emes. Ol turaqlılıq haqqında ant. Ol Qırmızının' Arıslan aldındag'ı wa'desi, a'kesi Ta'jimbetten ku'ygenliginen, bolmasa bay balası Artıqtı jek ko'rgenliginen g'ana aytıwı emes, al onın' jan'a o'mir, erkin turmıs izlewinen tuwılg'an qubılıs. Sonday-aq, ol jek ko'rgen a'keden ya ku'yewinen jol tawıp qutılıwı emes, al putkil adamzatqa jat ta'rtiplerdi qaralaw ha'm og'an qarsı gu'reske shıqqanlıg'ın ko'rsetedi.

Durıs, gu'res ele ja'miyetlik saxnag'a ko'terilgen emes. Ele jasırın qarama-qarsılıqlar menen sheklengen. Biraq, aqır-ayag'ında usı ku'shler eldegi erkinlikti an'sag'an ku'shlerdi jıynag'anlıg'ı, en' aqırında birlesken xalıqlıq ku'shke aylang'anlıg'ı ma'lim.

Qırmızı haqıyqıy adamgershilik, turaqlı muhabbat iyesi.

Onın' turaqlı muhabbat iyesi ekenligi Arıslang'a bergen wa'delerinde emes, al onı ku'tkenliginde, so'zine turaqlılıg'ında ko'rinedi. Qırmızının' g'ayratlı Qara ta'wipke:

– Qırmızı der men o'limnin' haq sharabın ishkenshe,

Eki ko’zimnin’ nuri ketip ot janarı o’shkenshe,

Gewde jannan, jan gewdeden ju’da’ bolıp ketkenshe.

Basım ko’milip, shashım jayılıp jer astına tu’skenshe

Arıslanjannan basqa jerde qarıydarım joq menin’, - dep aytqan so’zlerinde de wa’dege opalı turaqlı insan ekenligi ko’rinedi.

Arıslan Artıqtan shaybas gu’ren’di tartıp alıp, qasına jigitlerdi jıynap Xiywag’a aydalıp ketken Azattı qutqarıw ushın izinen quwadı. Arıslan jolda qızıl a’skerler menen ushırasıp Azattı tutqınnan qutqaradı. Qızıl a’skerler menen Azat ha’m Arıslan elge kelip, Arıslan Qırmızıg’a u’ylenip, toy beredi. Ja’ne de elge jan’a zamannın’ orınlang’anlıg’ın xabarlaydı. “Bahadır” da’stanının’ birinshi kitabı usının’ menen tamamlanadı. Da’standag’ı waqıyalar qızıq, turmıslıq waqıyalar izbe-izligin saqlaydı. Shıg’armada qaraqalpaqlarg’a ta’n milliy xarakter, xalıq da’stu’rleri ju’da’ jaqsı berilgen. Xalıq shayırlarının’ “Bahadır” da’stanının’ birinshi kitabında tariyxıy jer, qala, adam atları, ko’p geografiyalıq atamalar da tilge alınadı.

Mısalı:

Azat ayttı bir ku’ni,

Qızlardın’ bunday ko’pligi,

A’tten’ maldın’ joqlıg’ı,

Kewline aldı qapalıq,

Qız ayttırıp piyada,

Ko’p shekti ja’bir-japalıq,

Esim menen Ko’ko’zek

Quwanısh jarma, Da’wqara,

Axunjap penen U’senjan,

Shoqırıq penen Jalpaqjap,

Kegeyli menen Tazqara,
Tallıq, Na’wpir, İytqırı,
Shag’ırlı menen Qusxana,
Aral ten’iz, Aqda’rya,
Moynaq, Qon’ırat – qos qala,
Shımbay, No’kis, A’miwdi,
Jag’alag’an bes qala,
Malı joq dep qız tiymey,
U’sh ayda zorg’a aylanıp,
Awılg’a keldi bos g’ana, –

degen qatarlar da Abbaz shayırdın’ o’z tuwg’an elinin’ tarıyxın jaqsı biletug’ınlıg’ının’ gu’wası. Haqıyqatında o’z elinin’ tariyxıy, ta’biyat baylıqların, tilin, a’debiyatın bilmey turıp bunday a’jayıp da’standı ol do’rete almag’an bolar edi. Da’stan ko’rkemlew qurallarına bay. Shıg’arma sovetlik da’wiredegi do’regen birinshi da’stan. Bahadır folklorlıq da’stanlar da’stu’ri menen jazılsa da basqa da’stanlardan o’zgesheligi jan’a o’z obiektinde bir ja’miyetlik qurılıstan ekinshi jan’a ja’miyetlik qurılısqa otiwi, eldegi bolg’an revolyutsiyalıq o’zgerislerdi jırlaw menen belgilenedi.

Waqıyalar da’stnda o’z da’wirinin’ siyasatına ha’m xarakterine tolıq sa’ykes beriledi. Bul shıg’armanın’ qunlılıg’ın ko’rsetetug’ın qubılıs. “Bahadır” da artıqsha waqıya, artıqsha so’z joq. Biraq, “Bahadır” da’stannın’ birinshi bo’liminde kemshilik joq dewge bolmaydı. Onda en’ tiykarg’ı kemshilik neden ibarat? – degen zan’lı soraw tuwıladı. Juwap beremiz: Xalıq shayırı o’zinin’ ataqlı “Bahadır” da’stanında XX a’sirdin’ birinshi sheregine shekemgi Qaraqalpaqstan jag’dayında ja’miyetlik qarama-qarsılıqlardı ha’m onın’ aqıbetlerin real mazmunda su’wretleydi. Biraq, ja’miyetlik qarama-qarsılıqlar na’tiyjesinde du’zilgen konflikt awdarıspaq jıllarında eki topardın’ o’z ma’pleri ushın bolg’an ideologiyalıq ashıq

gu'reslerde sheshiledi. Birotala miynetkehs xalıq massasının' paydasına sheshiledi. Al,xalıq shayırının' bul "Bahadır" da'stanında Qaraqalpaqstandag'ı revolyutsiyalıq gu'res tolıq o'z ma'pinde sa'wlelenbey qalg'an. XX a'sirdin' birinshi sheregine shekemgi ja'miyetlik konflikt tek Qaraqalpaqstang'a qızıl a'skerlerdin' keliwi menen birotala sheshiledi. Bul jag'day a'lbette adam inanarlıq emes. Da'standa awdarıspaq da'wirinin' gu'resleri sa'wleleniwi tiyis edi.

Birazlar bul da'stan janrına sıyımlı dep oylawı mu'mkin.Sebebi, da'standa ko'rkem shıgarmalardın' basqa tu'rlerine qarag'anda waqıyalardın' sozımlılıg'ı, u'stirtinligi, fantastikalıq elementlerdin' ko'pligi, qaharmanlarının' turmıslıq qaharmanlardan o'zgesheligi yamasa shıgarmanın' ko'leminin' ko'pligi menen ayırım turmıslıq waqıyalardın' bilinbey ketiwleri en' aqırında bir pu'tin mazmung'a iye bolıwları menen xarakterli. Sonın' ushın bunday waqıyalar bilinbey de ketedi dep oylawı mu'mkin.Bug'an kelisiwge bolmaydı.O'ytkeni, shıg'armanın' avtorı XX a'sirdegi qaraqalpaq a'debiyatının' printsipin basshılıqqa alıp jazg'anlıgin bilemiz.

Sonın' ushın "Bahadır" da'stanınan tariyxıy obektivlik talap etiledi. Ol shıg'armanın' talantlılıg'ı ha'm sawatlılıg'ı ushın da qoyılatug'ın talap.

XX a'sir a'debiyatı ko'rkem shıg'armanın' bahasına onın' avtorının' sawat-lı-sawatsızlıg'na  qarap bahalanbag'anınday shıg'armanın' ideyasının' mayda-shu'ydesine shekem qaldırmay su'wretlengenine qarata bahalanbaydı.

Da'stannın' birinshi kitabı jazılıp atırg'an waqıtlarda xalıq shayırı filarmoniyanın' quramında ozinin' qol jazbası menen elge shıgıp, "Bahadır" da'stanın xalıq aldında qıssa etip oqıdı.Ol xalıq shayırı Sadıq Nurımbetov penen birge "Bahadır" da'stanın qıssa etip oqıp bermegen Qaraqalpaqstanda bir de awıl qalg'an joq desek qa'telespeymiz. S.Nurımbetovtın' eske tu'siriwleri boyınsha "Abbaz shayır usı "Bahadır" da'stanın oqıg'an waqıtlarda xalıq siltidey tınıp tın'laytug'ın edi.

Abbazdın’ dawısı da kem-kem ashılıp da’standı yoshıp oqıytug’ın edi. Ayırım ku’nleri keshte baslang’an da’standı a’sirese, qıs ku’nleri tan’g’a shekem oqıytug’ın edi. Adamlar egin-teginin jıynap qoyıp, bos waqıtlarında tap ku’n shıqqansha “Bahadır” dı tın’lap otıratug’ın edi. Biraq hesh kim tarqasayıq demeydi. Eger awılg’a da’stan oqıwg’a Abbaz barsa, adamlarg’a artist,baqsı-jıraw keregi joq. Sol ku’nleri Abbazdın’ atı hawazı barlıq jerge tarqalıp ketti[5]”,- dep ko’rsetedi.

A’lbette, bul xalıqqa “Bahadır” da’stanının’ qunlılıg’ın, xalıq shayırı Abbaz shayırdın’ da talantlı adam ekenligin ko’rsetetug’ın gu’walıq. Zamanlasının’qımbat pikiri.

Xalıq shayırı Abbaz Dabıl ulının’ “Bahadır” da’stanı shınında da a’jayıp joqarı da’rejedegi poeziyalıq sheberlik penen do’retildi. Teren’ bay mazmunlıg’ı, ko’rkemlik o’zgeshelikleri jag’ınan o’z da’wirinde do’regen poeziyalıq shıg’armalardın’ en’ qunlısı edi. Xalıq shayırının’ “Bahadır” da’stanı ol Abbaz shayırdın’ tek jeke o’zinin’ do’retiwshilik miynetinin’ g’ana jetiskenligi bolıp qalmastan, al 1950-jıllardag’ı, ha’tte, ha’zirgi ku’ndegi pu’tkil qaraqalpaq poeziyasının’ u’lken tabısı ekenligi dawsız.

Oqıwshının’ ko’rkem a’debiyattı tu’siniwine, awızeki ha’m jazba sawatlılıg’ın rawajlandırıwg’a, o’z pikirlerin anıq, ta’sirli ha’m a’debiy tilimizdin’ bay mu’mkinshilikleri tiykarında jetkere alıw uqıplılıg’ın arttırıwg’a ayrıqsha dıqqat awdarıladı. Ko’rkem a’debiyattı oqıw ha’m yadlaw arqalı oqıwshılardın’ yestetikalıq oy du’nyası, go’zzalıqtı seziniwi, du’nya qubılısların teren’ tu’siniwi ha’m o’zinshe pikir ju’ritiw qa’bileti qa’liplesedi.

Oqıwshının’ ko’rkem a’debiyattı tu’siniwine, awızeki ha’m jazba sawatlılıg’ın rawajlandırıwg’a, o’z pikirlerin anıq, ta’sirli ha’m a’debiy tilimizdin’ bay mu’mkinshilikleri tiykarında jetkere alıw uqıplılıg’ın

[5] Avtordın’ C.Nurımbetov penen so’yleskendegi jazıp alg’an qol jazbalarınan.

arttırıwg’a ayrıqsha dıqqat awdarıladı. Ko’rkem a’debiyattı oqıw ha’m yadlaw arqalı oqıwshılardın’ yestetikalıq oy du’nyası, go’zzalıqtı seziniwi, du’nya qubılısların teren’ tu’siniwi ha’m o’zinshe pikir ju’ritiw qa’bileti qa’liplesedi.

Bu’gingi ku’ni mug’allimnin’ sabaqtı qanday usılda ha’m metodta jobalastırıp o’tiwi o’zinin’ yerkine qaldırıladı. O’ytkeni mug’allim ha’r ku’ngi sabag’ına do’retiwshilik qatnas jasap, biri yekinshisine uqsamaytug’ın metodikalıq jaqtan durıs sho’lkemlestirilgen sabaqlardı o’tip barsa, oqıwshılardın’ sol pa’nge bolg’an qızıg’ıwshılıg’ı ku’n-ku’nnen artıp barıp tiyisli bilim ko’nlikpelerin ala aladı. Bunın’ ushın, a’lbette, ha’zirgi zaman texnologiyasının’ biri-interaktiv oqıtıw usıllarınan paydalanıw jaqsı na’tiyje beredi.

Interaktiv so’zi inglisshe “inter”-o’z-ara, “akt”- ha’reket ma’nisin bildirip, interaktivlik o’z-ara birgelikte ha’reket yetiw, birge islesiw, so’ylesiw, birgelikte o’zlestiriw degen ma’nilerde qollanıladı.

Ha’zirgi dawirde interaktiv usıllardın’ ishinde yen’ ken’ tarqalg’an tu’rleri “Oqıw diskussiyası”, “Birge izleniwshilik”, “Aqılıy hu’jim”, “O’z-ara pikir alısıw” bolıp tabıladı. Usınday ha’r qıylı interaktiv usıllarda sabaq o’tiw tu’rlerin qaraqalpaq a’debiyatı sabag’ında da ken’nen qollanıwg’a boladı. Qaraqalpaq a’debiyatı sabag’ı waqtında oqıwshılar ta’repinen aldın-ala belgili da’rejede tu’sinigi bar qanday da bir ma’sele talqılansa, bul forma na’tiyjelirek boladı.

Bul usılda sabaq o’tiw klasta yamasa toparda sherikleslik jag’dayın jaratadı ha’m to’mendegishe na’tiyjelerge alıp keletug’ınlıg’ı da’lillengen:

-oqıwshılarda sabaqqa, pa’nge qızıg’ıwshılıq artadı,

-oqıw materialı bekkem o’zlestireledi,

-analitikalıq oylaw rawajlanadı,

-qarım-qatnas jasaw ma’deniyatı qa’liplesedi,

-oqıwshılar oqıw iskerligine belsendilik penen qatnasadı

Biz jumısımızda A.Dabılovtın‘ **„Bahadır“ sa’stanının‘ ideyası ha’m tematikasına sabaq islenbesin** ko’rsetip o’temiz.

**Sabaqtın’ tu’ri:** Awızeki oqıtıw, kishi lektsiya

**Sabaqtın’ metodı:** Mashqalalı oqıtıw.

**Sabaqtın’ maqseti:**

1. **Bilim beriwshilik:** Qaraqalpaq a’debiyatında da’stan do’retiwshilik da’stu’rli tu’rde folklorlıq shıg’armalardag’ı da’stanshılıqtı rawajlandırıwda Abbaz shayırdın’ shayırlıq sheberliklerin ashıp beriw;

2. **Ta’rbiyalıq a’hmiyeti:** Oqıwshılarg’a bilim beriw menen birge, a’dep-ikramlılıqqa, Watandı su’yiwshilikke, doslıqqa ta’rbiyalaw;

3. **Rawajlandırıw:** Oqıwshılardı erkin pikirlewge, da’stan janrının’ do’retiliwi, ahmiyetin tu’siniwge, da’stannın’ syujetindegi waqıyalardı, tariyx penen, turmıs penen baylanısın tu’siniw, talqılaw ko’nlikpesin rawajlandırıw.

**Ku’tiletug’ın na’tiyje:** a) Jazba a’debiyattag’ı da’stanshılıq penen folklorlıq do’retpelerdegi da’stan janrının’ uqsaslıqların, o’zgesheliklerin, da’stan janrının’ xalıq shayırları ta’repinen rawajlandırıwın; b) Oqıwshılar arasında insanıylıq sezimlerin oyatıw , doslıq bir-birine ja’rdem beriw sıyaqlı paziyletlerdi payda etiw.

**Ko’rgizbe qurallar:** Sabaqlıq, shayırdın’ “Bahadır” da’stanın’, qosıqlar toplamın, shayırdın’ su’wretin, XIX a’sige tiyisli bolg’an tariyxıy kitaplar, (Ernazar Alako’z – xalıq batırı. S. Kamalov) plakat, ren’li qag’azlar, kespe qag’azlar, marker, slayd t.b.

**SABAQ BARISI:**

**Sho’lkemlestiriw: (2-3 min).**

**U’y tapsırmasın soraw. (10 min).** U’yge berilgen tapsırma Abbaz Dabılovtın’ o’miri ha’m do’retiwshiligi. U’yge tapsırma oqıwshılardın’ yadına tu’sirilip, olardın’ sabaqqa tayarlıg’ın tekseriw ushın “Metaplan” metodınan paydalang’an halda slayd arqalı sorawlar du’rkimi jiberiledi.

Klass oqıwshıların “Minara qurıw” shınıg’ıwı arqalı eki toparg’a bo’lip, qaysı topar slayd arqalı berilgen sorawlarg’a birinshi ha’m tez taba alsa, bir gerbish ball berip barıla beriledi; Slayd arqalı beriletug’ın sorawlar toplamı to’mendegishe:

1) Xalıq shayırı A. Dabılov qashan tuwılg’an?

2) Shayır qay jerde tuwılg’an?

3) Abbaz shayır ha’m ja’ne qanday o’nerdi u’yrengen?

4) Abbaz shayır qaysı da’stanlardı xalıq ishinde qıssaxanlıq etip oqıp berip ju’rgen?

5) “Milliy ma’deniyat tarıyxında Abbaz shayırg’a ten’ keletug’ın adamlar kemnen-kem ushırasatug’ın edi. Ol o’zi ko’rkem a’debiyat, o’zi folklor, o’zi barıp turg’an tariyx edi. Bul u’shewin ko’z aldımızg’a keltirmey turıp, Abbaz shayır haqqında tu’sinikke iye bolıwımız da mu’mkin emes” – degen pikirdi kim aytqan edi?

6) Abbaz shayır qanday shan’araqta o’sken?

7) Abbazdın’ Qazna ha’m Halwa degen qarındaslarında qanday talant bolg’an?

8) Abbaz shayırdın’ qanday qosıqların bilesiz?

9) Abbaz shayırdın’ ustazları, oqıg’an mektebi bolg’an ba?

10) Abbaz shayırdın’ o’zindey xalıq shayırları da’rejesin alg’an zamanlasları qaysı shayırlar?

11) Abbazdın’ qıssaxan sha’kirtleri bolg’an ba?

12) Qıssaxanshılıq, qıssaxan hawazın esitkensizbe?

O’tilgen tema yag’nıy u’yge berilgen tapsırmanı oqıwshılar qalay o’zlestirgenin usınday sorawlar bag’darında bilip alamız. Sorawlarg’a durıs juwaplar slaydta, ekranda jasırın turadı. Eki topardın’ bergen juwaplarınan keyin a’ste ashıp ko’rsetilip barıladı:

1-sorawg’a juwap: Abbaz shayır Dabıl ulı 1898-jılı tuwılg’an.

2-sorawg’a juwap: Abbaz shayır Shımbay uezdinin’ Ko’ko’zek bolıslıg’ında, “Qara oy” degen jerde, Aqjag’ıstın’ jag’asında tuwılg’an.

3-sorawg’a juwap: Abbaz shayır, shayırshılıq talantı menen birge qaraqalpaq xalqının’ ishinde u’lken jıraw-baqsılardın’ ornın basatug’ın qıssaxanlıq o’nerin de teren’ iyelegen.

4-sorawga juwap: Ko’plegen xalıq qosıqları, o’zinin’ “Bahadır” da’stanın’, “G’a’rip ashıq”, “Hu’rliha-Ha’mra”, “Biybira’wshan”, “Mun’lıq ha’m Zarlıq”, “Gu’listan ha’m Bostan”, “La’yli ha’m Majnun”, “Shaxnama” h.t.b. qıssalardı xalıq ishinde qıssaxanshılıq etip oqıp ju’rgen.

5-sorawg’a juwap: A’debiyatshı alım, professor A. Paxratdinov “Abbaz shayırdın’ ko’rkemlik du’nyası” No’kis, “Qaraqalpaqstan” baspası, 2009-j. kitabının’ 6-betindegi A. Dabılovqa usılay joqarı baha bergen edi.

6-sorawg’a juwap: Abbaz shayır o’z zamanının’ ilimli, bilimli shan’arag’ında o’sken. A’kesi Dabıl iyshan Aqjag’ıstın’ jag’ası Bes meshit dep atalg’an, tariyxta belgili ilim, pa’n, ma’deniyattın’ orayı bolg’an meshittin’ birewin iyelep bala oqıtqan.

7-sorawg’a juwap: Abbaz shayırdın’ o’sken shan’arag’ı ilimli, bilimli ag’artıwshılar bolg’anlıqtan jigit ag’ası Ha’mze de shayır bolg’an, eki qarındası Qazna ha’m Halwalarda shayırshılıq talant bolıp, birewi qız, ekinshisi jigit bolıp aytısatug’ın bolg’an.

8-sorawg’a juwap: “Na’ma’rt jigit nege da’rka’r”, “Na’wba’ha’r”, “Jen’gen jaqsı”, “Fronttan harmasın”, “Gu’zep kel”, “Biybisa’nemnin’”, “Birinshi may”, “Shomanay”, “Jıl kiyatır” , “Qız benen kelinshek”, “Qumarı keldi”, “Baqsılar aytıp shag’lasın”, “Bes qız” h.t.b.

9-sorawg’a juwap: Abbaz shayırdın’ a’kesi Dabıl iyshan Nurılla iyshannın’ meshitinde oqıg’an. Usı meshitte keyin o’zi de bala oqıtqan. Abbazg’a o’z a’kesi, a’kesin oqıtqan axunlar ha’m meshittegi, uyindegi kitapxanadag’ı kitaplar, kitaplardın’ avtorları Rudakiy, Sadiy, Ferdawsi, Bedil, Xoja Axmet Yassawiy, A’wliye Baqırg’anıy, Jamiy, Lutfiy, Hafız, Omar Hayyam , Nızamıy, Fizuliy, Maqtumqulı, Abay, Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq, qaraqalpaq xalqının’ bay ma’deniy g’a’ziynesi bolg’an xalıq awızeki a’debiyatı, “Mın’ bir tu’n” kitabı, Hajbini uniq, Palwan ata, “Bag’dat ja’hilleri”, “Tusnama” (Orxon-Enisey jazba esteliklerinin’ biri), “Til sa’ne” (Porqanlar kitabı) xalıq shejireleri sıyaqlı kitaplar ruwxıy ustazları bolg’an.

10-sorawg’a juwap: Abbaz shayır menen zamanlas bolg’an xalıq shayırları Ayapbergen Muwsa ulı, Sadıq Nurımbet ulı, Tilewbergen Jumamuratov

11-sorawg’a juwap: Abbaz shayırdin’ Pirjan, Seyt, Bayjan, Qunnazar degen sha’kirtleri bolg’an.

12-sorawg’a juwap: Abbazdın’ qıssaxanshılıq o’nerinen 1-2 minut janlı hawazın esittiriw. Ha’zirgi da’wirde shayır X. Dawletnazarov “G’ayrı jurtlardag’ı qaraqalpaqlar” qosıg’ı qıssa menen oqıytug’ının aytıp, onnan da 1-2 minut esittiriw ha’m u’y tapsırmasına juwmaq jasap taza temanı o’tiwge kirisiw.

**Taza tema:** Abbaz Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanının’ ideyası ha’m tematikası

Da’stannın’ ideyası qısqasha so’ylep beriw:

**Kishi lektsiya metodı: X**alıq shayırı Abbaz Dabılov “Bahadır” da’stanın jazıwg’a 1946-jıldın’ aqırında kiristi. Da’stan jazıw ma’selesi onın’ uzaq jıllardan beri-aq do’retiwshilik jobasında bar boldı. Biraq, onda qanday mashqalanı sheshiw ha’m onı qanday printsip penen baslaw ma’selesi u’stinde ko’p oylandı. Ko’p jıllıq oylanıwshılıq, izleniwshiliklerinen keyin xalıq shayırı bul da’standı bılay baslag’an edi:

Qaraqalpaq elinde,
Ken’ salalı jerinde,
A’miwda’ryanın’ boyında,
Mın’ tog’ız ju’z sa’enenin’,
Ja’ne de onda birinde,
Basınan miynet ketpegen,
Shekpeni dizge jetpegen,
Zalımlardın’ zulımınan,
Jılamay ku’ni keshpegen,
O’mirinshe jeri joq,
Miynetsiz jarma ishpegen,
Elden elge barg’anda,
Arqalanbay ko’shpegen,
O’mirinin’ gu’li o’rneklep,
Bir jetilip pispegen.
Diyqan jurip mal baqqan,
Mudamı ırgıp sekirip,
Qızıl shen’gel, aq shen’gel,
Baydın’ malı baqqanı,

Altı ayg'a azıq bolmag'an,
On eki ayda tapqanı,
Jar basına tikeytken,
Jartı ılashıq shatpanı.
Allang'or degen bir adam, -

dep "Bahadır" shıg'armasın traditsiyalıq da'stanlardın' printsipind baslap jiberdi. Xalıq shayırının' bul baslamasındag'ı "Basınan miynet ketpegen", "Shekpeni dizge jetpegen", "Jılamay ku'ni keshpegen", "Miynetsiz jarma ishpegen", "Diyqan ju'rip mal baqqan", "Altı ayg'a azıq bolmag'an, on eki ayda tapqanı", "Allang'or degen bir adam" degen qatarlarında XX asirdin' birinshi sheregine shekemgi jarlı diyqan omirinin' tipik obrazın bergen. Bizin' shayır o'z da'wir a'debiyatının' talabın da esapqa aldı degenimizde, mine usı avtor baslag'an Allang'or obrazı bul oz da'wirinin' haqıyqatlıg'ı da edi, al, usınday jarlı turmısta a'bigerlengen diyqan obrazın tawıp jırlaw XX a'sir a'debiyatının' da tiykarg'ı talaplarının' biri edi. Sonın' ushın da o'zinin' do'retiwshilik sheberligin o'z zamanının' idealı menen ushlastırg'an xalda, a'ri ja'miyetli tarıyxıy haqıyqatlıq burmalanbag'an jag'dayda, a'ri o'z da'wirinin' a'debiyatının' tiykarg'ı talaplarına juwap berip atırg'an mazmunda tipiklik jag'day, tipiklik obraz, a'debiy jol tan'lay alg'an Abbaz shayır o'z zamanının' dana, a'debiy ga'yratkeri ekenligin ko'remiz. Bul qatarlardı oqıw arqalı biz de qaharmang'a jan ashıw, qayg'ırıw, sezimlerimiz benen qaraymız. Ol arqalı XX a'sirdin' birinshi shereginde jasag'an ha'r bir qaraqalpaq diyqanının' o'miri bizin' bu'gingi ko'z aldımızg'a elesleydi. Allang'ordın' onday turmısta albırawı ol o'zinen g'a'rezsiz waqıya. Sebebi, ol waqıtlarda ja'miyetlik, sotsiallıq ten'sizlik hukim su'rip turg'anın an'garamız.

Solay etip, biz xalıq shayırının' usı obrazlı qosıq qatarları arqalı qaharmandı o'zi jasap turg'an ja'miyetlik ortalıg'ı menen qosıp tanıymız.

Bunday protses oqıwshını oylandıradı. Ol ha’tte o’zin bir neshshe ma’rtebe da’standı oqıw arqalı onın’ ideyası menen tanıstırıwg’a majbu’rleydi de, qaharmannın’ tolıq o’mir jolı menen tanıstırıwg’a iytermeleydi de.

Da’stannın’ basında-aq Allang’or o’ledi. Onın’ o’tken o’mir jolı arqalı XX a’sirdegi xalıqlardın’ ja’miyetlik ku’n ko’ris tirishiligi Allang’orday bolıp o’tken bir pu’tin a’wladtın’ ayanıshlı turmısın ko’z aldmızg’a keltiremiz.

Qaharmannın’ izinde balası qaladı. Ol Arıslan arqalı XX a’sirdin’ basında du’nyag’a kelip atırg’an jan’a a’wladlar ko’z aldımızg’a keledi. Bul a’wladlar o’tken turmısqa sın ko’zi menen qaraytug’ın, o’tken a’sir a’wladlarının’ jolı menen ju’rmeytug’ın, stixiyalı mazmunda bolsa da jan’a turmıs qurıwdı, jan’asha jasawdı a’rman etetug’ın qaharmanlar.

Allang’or o’lgennen keyin Shınargu’l menen balası Arıslan ekewinin’ ku’n ko’risi qıyınlasadı. Shınargu’l balasına:

Ata ka’spinde mal baqpay,

Ya elden bir ag’a tappay,

Abıroyın’dı so’ytip jappay,

Sen qalay ku’n ko’re alasan’,

Balam, ketti miyim awıp,

Kun ko’risim boldı qa’wip,

Bir danıshpan dana tawıp,

Ayag’ında dumalasan’ –

degende bul so’zler Arıslannın’ jeti ju’yresinen otip.

A’, ana menin’ a’kemnin’,

Qullıqta ju’rip,

Mal baqqan ka’spi qurısın,

Onday mal bag’ıw jumıs,

O’zinin’ jayına tursın,

Balan’ tolısıp, kamalına kelsin,

Du’nyada talap ko’p,

Qaysısı mag’an gez keledi

Onı menin’ baqtım biledi –

dep anasının’ so’zine juwap qaytarıp bir so’z deydi:

Sizge men a’dep saqlayman,

Emgen su’timdi haqlayman,

Qullıqta men mal baqpayman,

Qurısın menin’ ata ka’rim – dep juwap beredi.

Keleshek qaharman Arıslannın’ o’z a’kesin baxıtlı o’mirge jetkere almag’an turmısınan tu’n’iliwi, jan’asha, basqa turmıs qurıwg’a umtılıw ideyası bar ekenligi menen ja’miyettegi payda bolıp kiyatırg’an progressivlik xarakterler ko’rsetiledi. Biraq, qanday jol menen adam baxıtlı bolıwı kerek ekenligin ol tu’sinbeydi. Bul ash-jalan’ashlıqtın’ deregi nede? – ol haqqında da oylanbaydı. Arıslan ele bala, sonlıqtan ol ele da’slepki waqıtlarda ja’miyete bay kim, ol nege bay. Ja’miyette harlı kimler, olar nege jarlı – onın’ dereklerine tu’sinip jetpeydi. Avtordın’ da’standag’ı ja’miyetlik haqıyqatlıqlar haqqındag’ı tu’sinikleri bul durıs, maqullawg’a turarlıq. Sebebi, qaharmannın’ sanası birden o’speydi. Ja’miyettin’, ja’miyetlik ortalıqtin’ rawajlanıwı menen birge o’sedi, birge rawajlanadı. Qaharman ele jas. Onın’ ele ekspluatatorlıq, zulımlıq degenlerdi o’z basında sınap ko’rmegen waqıtları. Xalıq shayırı da’standa qaharmannın’ turmıstag’ı bul evolyutsiyalıq o’siw jolların ju’da’ jaqsı, ju’da’ sheber, aqılg’a sıyımlı etip bergen.

Arıslan haqıyqatında da jekke basının’ turmısı ushın baxıt izleydi. Ol baxıtlı bolıwdın’ jolı mal tabıw, at miniw, toy toylaw, elden ag’a tawıp, jan’a turmıs

keshiriwge aqıl soraw, u’yleniw, dep oylaydı. Sebebi, bul eldegi burınnan bar da’stu’r. Sonın’ ushın bunnan artıq tu’sinik onın’ oyına kirip te shıqpaydı. Arıslannın’ anası Shınargu’ldin’ de oyı – el da’stu’ri boyınsha balasının’ basın o’z qatarına qosıw. Sonda balasın adam boladı, dep esaplaydı. Olar o’mirinde oyına alg’an maqsetlerinin’ barlıg’ın da iske asırmaqshı bolıp urınıp ko’redi. Biraq, iske asıra almaydı. Mısalı, Ana balasının’ el qıdırıp, el ko’rip, xalıq ko’rip, el jurttın’ ta’lim-ta’rbiyasın alıp, kele bolarmeken dep Arıslandı bir topar adamlarg’a qosıp ko’redi.

Olar:

Biyparwa, biyqayg’ı,

Biyda’wlet qumarpaz,

Pa’lek urg’an

Zımziya, zıp berdi-jigitler bolıp shıg’adı.

Anası da ja’miyettegi adamlardın’ ha’r qıylı toparları bar ekenligin bimey qaladı.

Shınargu’lge de turmısta jol tawıp, ju’rip ketiw qıyıng’a tu’sedi. Balası ekewi qansha urınsa da barıw mu’mkin emes. Turmıstag’ı ha’mmeni qısqan joqshılıq, asharshılıq, jetispewshilik o’mir dawam etedi. Da’standa keleshek qaharmanlar usınday awır jag’daylardı baslarınan keshirip atırg’anlıqları menen keleshekke optimistlik ko’zqaras penen qaraydı. Jan’a turmıs haqqında olar ko’p izlenedi, oylanadı, a’rman etedi. Al, ol jaqsı turmıstı qalay qolg’a kiritiwi mu’mkin, bunı oylap-oylap taba almaydı.

Olar turmısta haq peyil, kishi peyil, aqıllı, ha’tte parasatlı, turaqlı adamlar. Olarda adamgershiliktin’ barlıq nıshanları saqlang’an. Arıslannın’ jigitlik da’wirlerinde turmıstag’ı ku’n keshiriw ta’biyatı usınday. Xalıq shayırı da’standa bul momentlerdi ju’da’ durıs sheber bere bilgen.

Shınargu'l menen Arıslannın' o'mir tirishiligin, xarakterlerin bulay beriwinin' tarıyxıy derekleri bar. Mısalı, Shınargu'l Allang'ordın' tusında jamiyetlik qarama-qarsılıqlarg'a tu'sinbey qaladı. O'ytkeni, o'mirinshe Allang'or mal bag'ıp, Shınargu'l onın' tamag'ında tuwradı. Haqıyqatında ekspluatatorlar tek Allang'or emes, bul jag'ınan qarag'anda onı shan'arag'ı menen jumsap, olar o'mir boyına kisi baxıtı  ushın isleydi. Eziledi. Jawızlıqtın' en' jaman tu'rlerin Allang'or o'z basında sınap ko'redi. Al, Arıslan bolsa, atadan jas qaladı. Olar adamlar arasında  jikke-jikke bo'lingen, qarama-qarsılıqlar barlıg'ın, ja'miyettin' xarakterin ha'zirshe tu'sinbeydi. Biraq, bul ekewinde da jan'a turmıs izlew ideyası ku'shli. A'lbette izleniwshilik olardı keleshek jollarg'a jeteleydi. Bul turmıs zan'lılıg'ı da.

Xalıq shayırı Abbaz Dabıl ulı traditsiyalıq da'stanlardın' u'lgisin basshılıqqa alg'anı menen onı folklorlıq usılda emes, al jazba a'debiyat printsipinde qurıwı na'tiyjesinde bul da'stan usı joqarıdag'ıday o'zgeshelikleri menen ayırılıp turadı.

Da'standa reallıq o'mir su'wretlenedi. Mısalı, qaharmannın' ele turmısqa aralaspag'an waqıtlarındag'ı ko'zqarasları a'piwayı, sada, ja'miyettin' o'zgesheliklerin bilmeydi. Biraq, onda jaqsı ideyalar bar, ol usı ideyaları arqalı belsendi, xareketshil qaharman ekenligin sezemiz. Turmıstın' ha'r qıylı jaman-jaqsı qubılıslarına itibarsızlıq penen qaramaydı. Ha'zir Arıslan ha'tte jekke basının' ha'zi ushın oylanadı. Al, ulıwma xalıq basındag'ı musallatlar haqqında oyında da joq. Bul ja'miyetlik o'mirge ele tolıq aralaspag'an qaharmannın' psixologiyasın xalıq shayırı bizge jaqsı tu'sindiredi. Qaharmannın' birden dana bolıp keliwi, ja'miyetlik o'zgerislerdi  birden isley beriwinen go're, onın'jasına, jasagan ortalıg'ına qaray da'wirge baylanıslı  onın' aqılı, sanası, ja'miyetlik ko'zqarasları o'skeni jaqsı. Bunday turmısqa sa'ykes keletug'ın qaharmanlardı a'debiyatta real o'mirdin' adamları dep tanıymız.

Arıslan kem-kemnen turmısqa aralasa baslaydı.  Onın' o'mirindegi birinshi turmıstı tanıy baslawı, ol shan'araq qurıp, u'y-jaylı bolıwın a'rman etip, burıng'ı el da'stu'ri boyınsha jas u'lken izlep elge shıg'adı. Azat degen jas u'lken adam

menen ushırasadı. Azat penen Arıslannın’ turmısta ku’n ko’riw tirishiligi bir-birine sa’ykes keledi. Olar ekewi qız izlep, el aralawg’a shıg’adı.

“Bahadır” da’stanında bul qaharmanlardın’ o’mirleri qaraqalpaq xalqının’ ku’n ko’riw tirishiligi menen organikalıq baylanısta alıp barıladı. Da’standa el ishindegi xalıqtın’ xarakterine baylanıslı toy-tamasha, u’rp-a’detler, salt-sanası, ha’r xalıqtın’ psixologiyası, ku’n ko’riw tirishiliginin’ kartinası su’wretlenedi. Qaharmanlar usı ortada ha’reket etedi.

Mısalı: Allang’or o’lgende ko’pshiliktin’ jıynalıp kelip, onın’ o’limin jaylastırıwı, ko’miwi, mu’siybet tu’sken u’yge ja’rdemlesiwi usag’an el da’stu’rleri da’standa u’lken talantlılıq penen jırlanadı. Mısalı:

Sernazar, Pirnazar degen,

Allang’ordın’ eki dayısı bar edi,

Ortag’a telpekti taslap,

Xalıqqa o’rnek jol baslap,

Allang’org’a a’keldi,

Ekewi eki baspaq,

Shınargu’ldin’ Orımbet,

Turımbet degen,

Eki nemere ag’ası bar edi,

Tamır-tamır jerlerden,

Semiz eki qoy keldi,

Batpan-batpan da’ni bar,

Sonday-sonday sıy keldi.

Tag’ı basqa awıldan,

Shaqırılg’an meshit qa’wimnen,

Allamurat alpıs ten’ge,

Elmurat eliw ten’ge,

O’teniyaz otız ten’ge,

Jumaniyaz jup ten’ge,

Berdimurat bir ten’ge,

Qısılıp turg’an Shınargu’l,

Zordan shıqtı bir ken’ge,

Toqsulıw tog’ız nan,

Aliyma altı nan,

Kim ju’weri kim tarı,

Allang’ordı ko’miwge,

Unı menen da’ni,

Eti menen nanı,

Tayın boldı ba’ri,

Malın soydı et boldı,

As abatı ko’p boldı, -

dep jırlanadı.

“Bahadır” da’stanı XX a’sirdegi totalitarlıq da’wirdin’ do’retpesi. Sonın’ ushın bul da’wirdegi ko’rkem shıg’arma, meyli kim jazbasın, meyli qaysı janrda turmsın turmıs reallıqları, tariyxıy obektivlik ha’m onın’ revolyutsiyalıq rawajlanıw printsipinde jazılıwın talap etedi. Biraq, sog’an qaramastan avtor “Bahadır” da’stanındag’ı tariyxıy, klasslıq dep atalg’an konfliktti shayırdın’ a’piwayı sheshiwi de jumbaq.

Eger xalıq shayırı Abbaz Dabıl ulı “Bahadır” da’stanında o’z da’wirinin’ a’debiyatqa qoyg’an talabı boyınsha tariyxıy klasslıq konfliktti revolyutsiyalıq

guresler menen sheshkeninde tariyxıy obiektivlikti durıs sheshken bolar edi. Durısında da shıg'armanın' qunı ja'ne de artarmedi. Durıs, da'stannın' bul momentleri jay oqıwshıg'a bilinbey ketedi. Al, shıg'armadan tarıyxıy obiektivlikti izlegenge ko'rinip turadı. Sonın' ushın da da'stan haqqındag'ı bolg'an biraz ilimiy sın pikirler de onın' bul momentlerin eske almay ju'r.

Xalıq shayırı Abbaz Dabılov "Bahadır" da'stanının' tek do'retiwshi avtorı emes, al atqarıwshısı da boldı. Da'stan jazılıp atırg'an waqıtlarda onın' ayırım momentlerin jurnallarda da dag'azalap ko'redi. Olar oqıwshılar ta'repinen jaqsı quwatlawg'a eristi. Ja'ne de xalıq shayırı Qaraqalpaqstan jazıwshılar awqamının' ja'rdemi menen da'standı belgili bag'darlamada jazıwdı ku'ni-tu'ni dawam ettirdi. 1950-jılı A. Dabılovtın' "Bahadır" da'stanının' birinshi kitabı baspadan shıqtı.

**Bekkemlew.**



Abbaz shayır da’stan do’retti. Da’stannın’ atın “Bahadır” dep qoydı. Berilgen “Gu’l japıraqları” shınıg’ıwın slaydta sızıp ko’rsetiledi de, japıraqlar mug’allimnin’ sho’lkemlestirip basqarıwında birim-birim oqıwshılardın’ o’zlerinin’ qatnasında tabıwg’a bag’darlap “Bahadır” so’zine sinonimles so’zlerdi yag’nıy ma’niles so’zlerdi tabıwg’a oylandıradı. Usı shınıg’ıw arqalı da’stannın’ temasın qoyıwdag’ı sheberliligi, tema menen ideyanın’ logikanın’ baylanısın ashıp beriwge ha’reket etedi. “Gul japıraqları” shınıg’ıwı arqalı qaharmanlar obrazların tolıq ashıp beriwge boladı. Da’standa tiykarınan bahadır jigitler Azat ha’m Arıslan. Olar shın dos bolıw menen birge shıng’ıwda ko’rsetilgen ma’rt azamat, palwan, batır, ku’shli, g’ayratlı, jigerli sıpatlarg’a iye el-xalıq su’ygen shın bahadırlar boldı. Oqıwshılardı usı shınıg’ıw arqalı oylanıwg’a, sinonim so’zlerdi o’zleri oylap tabıwg’a,pikirlewge u’yretiledi. Slayd arqalı “ Bahadır “ so’zinin’ sinonimleri tabılıp, shayırdın’ ju’da’ sheberligi arqalı da’stang’a temanın’ ju’zikke qas qondırg’anday bolıp jarasımlı shıqqanın, shayırdın’ sheberligin o’zleri tapqanlıg’ına xoshametler aytıp juwmaqlanadı.

Da’stannın’ ideyasın ashıwda “ Bayterek “ shınıg’ıwı paydalanıladı. Bayterekke Shınargu’l dep at beriledi.



Da’stan baslanıwdan Shınargu’l degen hayaldın’ baxıtsızlıq syujeti menen baslanadı. Eri o’lgen hayal jalg’ız ulı Arıslan menen qalıp, turmıstın’ ko’p qıyınshılıqların bastan keshiredi. Baxıtlı turmıs ushın miynet etedi, gu’resedi, balasın ta’rbiyalaydı. Da’standa tolıg’ı menen Shınargu’l bayterekke uqsap, basınan o’tken qıyınshılıqlardı jen’ip u’lken bir tulg’a bolıp sa’wlelenip ju’r.

**U’yge tapsırma beriw:** 1) Abbaz Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanı boyınsha shıg’arma jumısın jazıp keliw; 2) Da’stannan u’zindiler yadlaw.

Mine usınday jan’asha metodlar menen sabaq o’tiw, kishi toparlarda is alıp barıw, ha’r tu’rli shınıg’ıwlardan paydalanıw o’z na’tiyjesin berip, klass oqıwshılarının’ belsendeligin asıradı.

# II BAP

## A. DABILOVTIN’ “BAHADIR” DA’STANINDA TARIYXIY DA’WIR HAQIYQATLIQLARININ’ JIRLANIWIN OQITIW METODİKASI

Da’standa o’tken da’wirdegi qaraqalpaq xalqının’ milliy ozgeshelikleri, ishki ruwxıy du’nyası, ku’n ko’ris jag’dayları ha’m ja’miyetlik ko’rinisleri tolıq o’z sa’wleleniwin tapqan. Sonın’ menen qatar xalıq shayırının’ poeziyasındag’ı jeke o’zine ta’n bolg’an shayırshılıq stillik o’zgeshelikleri, poetikalıq ko’rinisleri, waqıyalardı tallaw usılları, sheberlik ha’m jan’alıq tabıw sheberlikleri ayqın ko’zge taslanadı. Da’standı oqıg’an adam XX a’sirden aldın’g’ı jıllardan xalıq shejiresin oqıg’anday  la’zzetke bo’lenedi.

Xalıq shayının’ birinshi kitabının’ tabıslı do’retiliwi ha’m ja’miyetshilik ta’repinen u’lken quwatlawshılıqqa erisiwi Abbaz shayırg’a “Bahadır”dın’ ekinshi kitabın baslawg’a sebepshi boldı.

Qaraqalpaq xalıq shayırı Abbaz Dabıl ulının’ “Bahadır” da’stanının’ ekinshi kitabı Qaraqalpaqstanda totalitarlıq hu’kimetin ornatıw ha’m onı bekkemlew ushın bolg’an jan’a ja’miyetlik belsendi ha’reketler haqqında jırlanadı. Elde ken’es hu’kimetin ornatıwdan ja’miyetlik o’mir u’lken o’zgeriske ushıraydı. Bunı ha’reketke keltiriwshi tiykarg’ı ku’sh bul a’piwayı qaraqalpaq xalqı ekenligi jırlanadı.

Da’wirdin’ belsendilik halatqa tu’siwi onın’ dushpanların albıratadı. Onda birinshi gezekte baylar sasqalaqlaydı.

Da’standa jazılıwı boyınsha olar o’mir boyı jıynag’an mal-du’nyasın meshitlerge aparıp beredi. Elge sadaqa qılıp, soyıp qurta baslaydı. Bar du’nyasın jasırıp jerge ko’medi. Avtor da’standa bunday waqıyalardı jaqsı beredi. Olar ga’ elde qashıp ju’rgisi keledi, ga’ Shamg’a qashıp ketkisi de keledi. Eger kelisse, ken’es hu’kimeti menen kelisip jasag’ısı da keledi. Bul avtor ta’repinen jazılg’an sol da’wirdin’ siyasatlarının’ aqıbetlerinen payda bolg’an bar haqıyqatlıqlar

ekenligi ras. 20-jıllarg'a ta'n bolg'an usınday ja'miyetlik arenadag'ı ju'z bergen real waqıyalar shayırdın' "Bahadır" da'stanında ashıqtan ashıq so'z boladı.

Zorabanlıq da'wir ornawı menen el basshıların, bay adamlardı, axun-ulamalardı klass dushpanları dep elde sheklew siyasatı ju'rgizildi. Xalıq arasında bu siyasattın' ma'mleketlik ha'm xalıqlıq a'hmiyeti haqqında tu'sinikler alıp barıldı. Da'standa bul totalitarlıq ma'mleketti bekkemlewdin' ilajlarının' biri bolıp ko'rinedi. Ha'zirge shekemgi XX a'sir qaraqalpaq a'debiyatında bu da'wirdegi usı zorabanlıq siyasat kompaniyasın usınshama da'rejede tolıq qarama-qarsılıqlı reallıqları menen bizge ashıp jetkergen shıg'arma bolmag'an edi. Durıs sol da'wirdegi klasslıq deo aytılg'an gu'reslerdi ko'rsetetug'ın shıg'armalar ko'p jazıldı. Mısalı, A. Musaevtın' "Berego'rme", S. Ma'jitovtın' "Bag'dagu'l" piesası, A'. O'tepovtın' "Ten'in tapqan qız", "Quwılsın" qosıqlarında, M. Da'ribaevtın' "Mın'lardın' biri" povestinde, J. Aymurzaevtın' iri shıg'armalarınan "Gu'res", "Gu'reste jen'dik", poemalarında "Jetimnin' ju'regi" povestinde, T. Qayıpbergenovtın' "Qaraqalpaq qızı", "Son'g'ı hu'jim" romanlarında, A. Bekimbetovtın' "Gu'res" romanlarında da ol jıllardag'ı klasslıq gu'res dep atalg'an, bolg'an real gu'resler su'wretlenedi. Usı joqarıdag'ı atı aytılıp o'tilgen shıg'armalardın' ha'mmesinde de o'z zamanının' ayrıqsha tutqan siyasatı bolıp, klasslıq gu'res keskin so'z etiledi. Tiykarg'ı klasslıq konflikt barlıq jag'dayda avtor pozitsiyası menen ja'miyet paydasına sheshiledi. Biraq, sol zorabanlıq hu'kimet ornag'an 20-jıllardag'ı siyasattag'ı sovetlik turmıstag'ı tariyxıy haqıyqatlıqlar "Bahadır" da'stanındag'ıday faktlestirilip, tolıqtırılıp, mayda-shu'ydesine shekem qaldırmay hesh bir shıg'armada da o'z sa'wlesin tapqan emes, desek qa'telespeymiz. Bul da'wir tarıyxı 20-30-jıllardag'ı baslang'an repressiyanı klasslıq gu'res dep atag'an. Olardın' ko'bisi klasslıq gu'resler jeke o'mirler yamasa bir g'ana turmıslıq faktler arqalı ulıwmalastırıp beriledi. Ko'binese klasslıq gu'res ulıwma bayanlawlar arqalı da beriledi. Bunnan ol a'debiy shıg'armalar a'debiyat tariyxındag'ı sol jıllardag'ı jazılg'an to'men da'rejedegi shıg'armalar edi, degen

pikirler bolg’an emes. Klass gureslerin bul jıllarda a’debiyatta ha’r qıylı mazmunda, ha’r qıylı a’debiy usılda so’z etiwleri ta’biyiy zan’lılıq. Bul tuwralı bizin’ ilimpazlarımız o’zlerinin’ ilimiy izertlewlerinde tolıq bahalı pikirler beredi.[6] Biz xalıq shayırı Abbaz Dabıl ulının’ “Bahadır” da’stanının’ bul da’wirdi so’z etken shıg’armalardan ayırmashılıg’ın, onda tariyxıy ja’miyetlik, siyasiy sotsiallıq, ha’tteki a’dep-ikramlılıq, joqarı sanalı reallıqları faktler menen poeziyada berilgen.

Avtor o’z zamanının’ shıg’armasın do’retedi, basqasha bolıwı mu’mkin de emes edi. Sonın’ ushın o’mirdi ha’mme waqıt rawajlanıw jag’dayında ko’rsetiw ushın, ol barqulla o’zine, o’z qa’lemine u’stemlik etetug’ın XX a’sir milliy qaraqalpaq a’debiyatının’ printsiplerin basshılıqqa aladı. Zorabanlıq zamanının’ qırg’ınların jan’a zaman ornatıw ushın islengen sharaları, dep jazdı. Bul ha’reketlerge xalıqtın’ haqıyqıy bahası son’ g’a’rezsizlik da’wirlerde g’ana bul repressiya da’wiri, dep durıs atamasın taptı. Sebebi, tariyx sovet da’wiri, bul repressiyalar tariyxı dep durıs ko’rsetip atır. Bunı a’debiyat jan’a zaman gu’resi dep jırladı. Bul da’stu’r xalıq shayirlarında solay dawam etildi. Shıg’armada avtordın’ tili menen aytqanda:

Eziliwshi klassqa,
Azatlıq ruxsat berildi.
Su’ygeni menen qız-jigit,
Qol uslasıp ju’rildi.
Eziliwshi, eziwshi,
Shegarası ayrılıp,
Parqı xalıqqa bilindi.
Qarmalang’an soqırg’a,
Bir jaqtılıq ko’rindi…

[6] Qaraqalpaq sovet a’debiyatı tariyxının’ ocherkleri. Изд. ФАН УзССР Ташкент 1968, Самарканд. S. Axmetov, «Qaraqalpaq sovet poeziyası tariyxının’ ocherkleri». QQMB, 1961-jıl, N. Japaqov “Ayapbergen Muwsaevtın’ tvorchestvosı” QQMB 1964-jıl/ Kitaplardı qaran’ız.

Jıynalg'an xalıqtın' kewline,

Qara bulttın' astınan ,

Ku'n shıqqanday bolıp tur.

Eziwshiler eldegi

Qa'peske kirip mısalı,

Tunshıqqanday bolıp tur.

Neshe jılg'ı jarg'aqqa,

Ju'n shıqqanday bolıp tur.

Sho'p shıqpag'an taqırg'a,

Gu'l shıqqanday bolıp tur.

Neshhe jılg'ı gu'n'elek,

Qulaqları ashılıp,

Til shıqqanday bolıp tur,

- dep ko'rsetedi.

Avtor ta'repinen aytılg'an bul ga'pler jalg'an emes. Sebebi, payda bolg'an klass siyasatı, jan'a zorabanlıq turmıstın' baslamaları adamlar ta'repinen, ma'n'gilik dep esaplag'an eziwshi moyıntırıqtı sındırıp taslap atır, erkin zaman ushın birigip atır dep tusinedi. Bul zamandı ozgertip otırg'an ko'semge xalıq o'zinin' minnetdarlıg'ın bildirip o'tti. Sebebi, xalıq da'slepki waqıtlarda sovet hu'kimetinen aldanıp qaldı. Da'standa Arıslannın' u'yleniw toyında bul tuwralı Atajan g'arrının' tilinen aytılg'an ga'plerge qaran':

Adasqan el edik o'ris tappag'an,

Ju're-ju're su'ygimiz shatnag'an,

Tabanımız tozg'an qaraqalpaq edik,

Arzı pitpey qayta-qayta qatnag'an.

O'mirdi qaplag'an bultlardı buzıp,

Bizdi qısıp kelgen bug'awdı u'zip,
Xalıqtı azatlıqqa shıg'ardı deydi,
Ma'n'g'i baxıt ushın ullı jol salıp.

Oyına alıp tutqınlıqtın' darqanın,
Iyelepti azatlıqtın' arqanın,
Esitken qulaqtın' ko'zi ko'rip tur,
Xalıqtın' endi durıs jılawın alg'anın.

Ko'redi eken bunı o'lmegen adam,
Ele tu'sinbey ju'r bilmegen ladan,
Ashshının', dushshının' qa'dirin biledi,
Ash bolıp du'nyada sho'llegen adam. –
degen ga'plerdi esitemiz.

Avtor o'z dastanın tabıslı pitkeriw ushın og'an ol sol da'wir ruwxın, sol jıllardag'ı bar ideyanı kirgizedi. Bul Abbaz shayır da'wiri a'debiyatının' jaqsı shıg'armalarda ko'sem obrazın jirlaw baslı da'stu'r bolıp turdı. Abbaz shayır o'z da'wirinin' adamı bolg'anlıg'ı sebepli, o'z da'wiri a'debiyatının' baslı printsiplerin basshılıqqa almawı mu'mkin de emes boldı. Eger ol do'retiwhsilik miynetlerinde o'z zamanının' demi menen dem almag'anda, shıg'armada da'wir da'stu'rlerin qollanbag'anda ol zamannın' belgili a'debiyat g'ayratkeri de bola almas edi. Barlıq da'wirlerde tek g'ana da'wir ruwxı menen jasag'an shayırlar g'ana a'debiyat maydanında erkin qulash kere aldı. Bunda tek ko'semge ga'na minnetdarlıq sezim an'latılmastan, ol zamandı ha'mmenin' qollap-quwatlawshılıg'ı, endi jan'a da'wirdin' xızmeti ushın ha'mmenin' tayar ekenlikleri usag'an reallıqlar bolg'anlıg'ı ko'rinedi. Bul turmıslıq shınlıq. Sebebi, bunı bir adamnın' so'zi dep qarawg'a bolmaydı. O'ytkeni, shayır sol waq ıttag'ı qaraqalpaq miynetkeh xalıq massasının' so'zin so'yleydi. Mine, usınday zamannın' keliwi menen xalıq

o’mirinde u’lken bir waqıyalar ju’z beredi. Xalıq baxtı menen u’ylesedi degen u’mit penen ol da’wirde adamlar jan’a du’zilip atırg’an hu’kimetti quwatlaydı. Siyasat sol waqıtlardag’ı ja’miyettegi adamlardı toparlarg’a bo’ledi. Ma’selen: Diyqan, ortasha, bay, iyshan, molla, suwpılar dep bo’linedi. Durısında da solay edi. Sol da’wir siyasatı boyınsha ja’miyet quramalı, qospalı edi, dep ko’rsetedi. Bul durıs.

Qara diyqanda hesh na’rse joq. Jan’a qurılıp atırg’an hu’kimettin’ tusında da elde jan’a mektepler, jan’a mekemeler salıw kerek boladı. Elge japlar qazıp suw a’keliw kerek. Eldi jan’a siyasat penen jasatıw sha’rt. Bul ushın baylıqtı qolına toplag’anlardı jan’a hu’kimet esapqa alıp, olarg’a sadıq, beldar salıp jan’a zaman qurıwdı baslaw kerek boladı.Sovet hu’kimetinin’ bul maqsetleri de a’ste-a’ste iske asa baslaydı. Bul jan’a qurılıp atırg’an hu’kimetti bakkemlewge da’slepki sharalar edi. Keskin qarama-qarsılıqlarg’a qaramastan batrachkom sho’lkemleri awıllarda belsendilik penen ha’reket etedi. Avtordın’ su’wretlewi boyınsha belsendilik penen ha’reket etedi. Avtordın’ su’wretlewi boyınsha usı da’wirdegi eki klass arasındag’ı gu’res jalını qattı lawlap alısadı.

Da’standa so’z etken da’wir bizin’ ko’z aldımızg’a o’zimiz ko’rip otırg’anday elesleydi. Sonlıqtan da bul shıg’armanı sol da’wirdegi ja’miyetlik tariyxtın’ bir bo’limindey sezesen’. O’z da’wiri ushın avtor ta’repinen ju’rgizilip atırg’an klasslıq ideologiyanın’ bir ko’rinisi, totalitarlıq da’wirdegi jan’a payda bolg’an qaraqalpaq jerindegi milliy xalıq ma’deniyatının’ dawam etiw tariyxı, a’jayıp a’debiyattın’ payda bolg’an u’lgisi sıpatında da’standı qa’dirleymiz.

Ja’miyetlik siyasiy tariyxıy waqıyalardın’ da’standa usılay anıq su’wretleniwi a’lbette zorabanlıq siyasat dawirindegi XX a’sir qaraqalpaq a’debiyatının’ baslı printsiplerinen birin quraytug’ın edi. Xalıq shayırının’ XX a’sirdin’ da’slepki da’wirlerindegi ko’rkem a’debiyattag’ı printsiplerdi durıs o’zlestirip jetildirgenliginin’ gu’wası. Xalıq shayırlarının’ “Bahadır” da’stanı arqalı biz poeziya gigantının’ realistlik metodtan a’debiyattag’ı payda bolg’an

printsiplerge o'tip bolg'anlıg'ın, bul ma'selelerde Abbaz shayır o'z do'retpesinde da'wirge ılayıq u'lken novatorlıq jasag'anlıg'ın ko'remiz.

Shayırdın' o'z da'wirinin' ma'deniyatın talap etken da'stu'rlerde sonsha durıs beriw sebepleri, ol da'standı 40-jıllardın' aqırı 50-jıllardın' basında jazdı. Bul jıllar xalıq shayırının' da'wir a'debiyatındag'ı shekleniwlerge tu'sinip jetken jılları edi. Sebebi, bul jılları du'nya a'debiyatında ja'miyettegi tariyxıy obiektivliktin' durıs ko'rinislerin sa'wlelendiriw ha'm rawajlandırıw da'rejelerin ko'rsetiw usag'an a'debiyat talap etken tiykarg'ı sha'rtlerge Abbaz shayır shıg'armalarının' sa'ykes kelgenligi, a'sirese onın' baslı tendentsiyag'a da aylang'anlıg'ın ko'rsetetug'ın belgi ekenligi dawsız. Bunday o'z da'wirinin' talapların awır do'retiwshilik jıllarında orınlawı, sol printsiplerdi basshılıqqa alıp do'retpelerin ma'mleket talap etken bag'darda jetilistirgenliginin' gu'wası. Sebebi, qanday a'debiy ga'yratker bolmasın, onın' baslı ideyaların tolıq o'zlestire almasa, onı o'z do'retpelerinde tiykarg'ı bag'dar etip alıp ju're almasa, ol ma'deniyat o'mirinde jasay almaytug'ınlıg'ı ta'biyiy qubılıs.

Biz endi **A. Dabılovtın' "Bahadır" da'stanında tariyxıy da'wir haqıyqatlıqlarının' jırlanıwın oqıtıw metodikasın "Joybarlaw texnologiyası"boyınsh sabaq islenbesin** usınamız.

**Sabaqtın' tu'ri:** Awızeki oqıtıw. Kishi lektsiya

**Sabaqtın' metodı**: Joybarlaw texnologiyası. Aqılıy hu'jim.

**Sabaqtın' maqseti:**

**1) Bilim beriwshilik:** "Bahadır" da'stanında tariyxıy da'wir haqıyqatlıqlarının' jırlanıwın oqıtıwda, aldın'g'ı pedagogikalıq usıllardı paydalana biliw.

**2) Ta'rbiyalıq a'hmiyeti:** Oqıwshılarg'a bilim beriw menen birge, a'dep-ikramlılıqqa, Watandı su'yiwge, doslıqqa h.t.b ta'rbiyalaw.

**3) Rawajlandırıw:** Oqıwshılardı erkin pikirlewge, da’standı oqıw arqalı tariyxtı biliwge, turmıs haqıyqatlıqların tariyx penen baylanısın u’yreniwge, o’mirdi tu’siniwge rawajlandırıw.

**Ku’tiletug’ın na’tiyje:** Ata-babalarının’ o’tmish tariyxın, tariyxıy da’wir haqıyqatlıqlarının’ da’standa jırlanıwın, oqıwshılr arasında insanıylıq sezimlerin oyatıw, doslıq, bir-birine ja’rdem beriw siyaqlı pazıyletlerdi payda etiw.

**Ko’rgizbe qurallar:** Sabaqlıq, “Bahardır” da’stanı, slaydlar, plakat h.t.b.

**Sabaq barısı:**

**Sho’lkemlestiriw (2-3 min).**

**Taza tema: A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanında tariyxıy da’wir haqıyqatlıqlarının’ jirlanıwın oqıtıw metodikası.**

Kishi toparlarda islew: Joybarlaw texnologiyası boyınsha aldın-ala oqıwshılarg’a bes kishi toparg’a bes tema berilgen. Toparlardın’ tapsırmanı orınlag’anlıg’ın tekserip bilip alıp, olardı tın’lawg’a  ha’r toparg’a 5 minuttan waqıt beriledi.

**I topar:** “Bahadır” da’stanında xalıq turmısının’ sa’wleleniwi. 5 minut

Xalıq shayırı – A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanı XX a’sir qaraqalpaq a’debiyatı tariyxının’, qaraqalpaq xalıq poeziyasının’ marjanlarının’ biri boldı. A.Dabılov da’stan janrında qa’lem terbetemen degenshe qanshama poeziyalıq shıg’armalar do’retse, usı miynetleri onın’ da’stan jazıwg’a  alıp  kelgen soqpaqları boldı. Da’stan janrı ko’p a’sirlerden berli xalqımızdın’ o’mirindegi ko’p jıllıq xalıqqa ta’n bolg’an tipik  xarakterlerdi, jag’daylardı ken’ tu’rde qospalı syujetler menen konfliktlerdi bere alatug’ın, xalıq su’yip oqıytug’ın da, tın’laytug’ın da shıg’armalar bolıp keldi. Folklorlıq janrlardın’ ishinde de en’ ko’lemlisi da’stanlar. Shayır mine usı mu’mkinshiliklerden paydalana otırıp, o’zi jasap turg’an da’wir

mashqalaları, ekinshi jer ju'zilik urıs, onnan son' qayta tiklewler u'lken wazıypalardı da orınlawg'a bel baylaydı. Shayır A. Dabılov da'standa totalitarlıq da'wirdi de, onnan burın'g'ı jıllardı da, eldegi ju'z bergen u'lken-u'lken tariyxıy waqıyalardı da su'wretlewdi traditsiyalıq da'stanlardın' u'lgisi menen ju'rip o'tiw solardın' da'stu'rlerin XX a'sir a'debiyatında da jan'asha mazmun, jan'a forma, jan'asha stiller menen dawam ettiriw qolaylı edi. Da'stanshılıq da'stu'rinin' barlıq nızamlıqlarına shayır qanıq edi. "Bahadır" da'stanında XX a'sirdin' aldın'g'ı ha'm onnan keyingi xalıq o'mirlerinin' tariyxıy haqıyqatlıqları folklorlıq da'stanlardın'da'stu'rleri menen baslanadı.

Abbaz Dabılovtın' "Bahadır" da'stanı onın' uzaq jıllardan berli toplag'an doretiwshilik ta'jiriybelerinin' do'retiwshilik sheberliginin jemisi. Qaraqalpaq xalqının' o'mir shınlıgın do'retiw, onı da'stan janrında jırlaw shayirdın' qaraqalpaq jazba a'debiyatı tariyxında u'lken jan'alıq boldı. Waqıyalar xalıqtın' real turmısınan alınıp, da'standı folklorlıq da'stanlardın' traditsiyalıq jolı menen dawat ettirdi. Da'standag'ı tiykarg'ı tariyxıy haqıyqatlıq, qaharmannın' kem-kem o'siw jolın, bir ja'miyetten, ekinshi ja'miyetke o'tiwi, sana-psixologiyası, jan'a ideya, jan'a sana menen qurallanıp turmıs haqıyqatlıg'ında taplanadı.

Mısalı:

Qaraqalpaq elinde,
Ken' salalı jerinde,
A'miwda'ryanın' boyında
Mın' tog'ız ju'z sa'nenin'
Ja'ne de on birinde,
Basınan miynet ketpegen,
Shekpeni du'zge jetpegen
Zalımlardın' zulımınan

Jılamay tu’ni keshpegen – degen qatarlar menen baslanadı. Bul qatarlarda XIX a’sirge shekemgi qaraqalpaq xalqının’ basınan keshirgen ko’plegen jawgershilikler, onnan ja’bir ko’rgen xalıq, xalıqtın’ o’tmish tariyxı sa’wlelendiriledi. Qaraqalpaq xalqı tiykarınan diyxanshılıq, sharwashılıq penen shug’ıllang’an. Xalıq turmısının’ qıyınshılıg’ı, ta’biyat stixiyaları, jıldın’ birese jawınlı-shashınlı, birese suw tamtarıslıg’ınan bolsa, ekinshisi jawgershilik boldı. Jawgershilik tek qaraqalpaq xalqında emes, pu’tkil Orta Aziya xalıqları basında boldı. Shayır A. Dabılov bul turmıslıq haqıyqatlıqlardı da’l su’wretley otırıp, keleshek a’wladlarg’a bunın’ aqıbeti, urıs, jawgershiliktin’ sebebinen to’gilip atırg’an biygu’na qanlar, qıyılıp atırg’an jas janlar, qıynalıp atırg’an el-xalıqtın’ jag’dayın aytadı, hesh qashan urıstı boldırmawg’a ha’reket etiw kerekligin na’siyatlaydı. Da’stan baslanıwdan-aq usınday epizod penen baslanadı. Diyxanshılıq penen eplep ku’n ko’rip otrrg’an Allang’or degen bir jigit jazı menen ijarag’a jer alıp egedi. Gu’zde daqılların qırmang’a u’ygen waqıtta insapsız bay onnan jer pay, ku’sh-ko’lik pay, dan’-tuqım pay dep joq salıqtı salıp, og’an islegen miynet haqısın bermeydi. Ekew ara jan’jel payda bolıp izi urısqa ha’tteki Allang’ordın’ o’limi menen juwmaqlanadı. XIX a’sirdegi qaraqalpaq xalqının’ turmısı og’ada awır edi. Ha’zirgidey texnika joq, ku’sh-ko’lik – at, tu’ye, eshek, o’gizler menen jer aydap, jer suwg’arıp epleytug’ın edi. Allang;ir uqsag’an ju’da’ jarlı adamlarda bularda joq “jarımshı”, “ku’nlikshi”, “payshı” bolıp egin egip ku’n ko’retug’ın bolg’an. Xalıq turmısındag’ı haqıyqatlıqlar da’stannın’ kirisiwinen-aq usılay baslanadı. Da’stannın’ baslanıw epizodınan baslap-aq da’stan qaharmanı Arıslannın’ a’kesiz qalıwı, a’ke ta’rbiyasın almay, o’z betinshe esersoqlaw bolıp o’siwi, onı ta’rbiyalawda anası Shınargu’ldin’ ko’rgen qıyınshılıqları turmıs haqıyqatlıg’ı shen’berinde ju’da’ quramalı tu’rde sa’wlelendiriledi. Shınargu’l o’zi jasap turg’an ja’miyettin’ nızamlılıg’ına bag’ıng’an hayal. Ol ja’miyette hayal adamnın’ huqıqları sheklengen. Tek ku’nlikshi bolıp u’y-xojalıq jumısların isley alatug’ın edi. Allang’or o’lgennen keyin Shınargu’l menen balası Arıslan ekewinin’ ku’n ko’risi qıyınlasadı. Mısalı:

Ata ka’spinde mal baqpay,
Ya elden bir ag’a tappay,
Abırayın’dı so’ytip jappay,
Sen qalay ku’n ko’re alasan’,
Balam, ketti miyim awıp,
Ku’n ko’risim boldı qa’wip.

Hayal adamnın’ sharasızlıg’ı sol da’wirdin’, sol ja’miyettin’ haqıyqatlıg’ı edi. Da’standa reallıq o’mir su’wretlenedi. Mısalı, qaharmannnın’ ele turmısqa aralaspag’an waqıtlarındag’ı ko’z-qarasları a’piwayı, sada, ja’miyettin’ o’zgesheliklerin bilmeydi. Biraq onda jaqsı ideyalar bar, ol usı ideyaları arqalı belsendi, ha’reketshil qaharman ekenligin sezemiz. Turmıstın’ ha’r qıylı jaman-jaqsı qıyınshılıqlarına itibarsızlızlıq penen qaramaydı. Biraq ja’miyetlik o’mirge ele tolıq aralaspag’an qaharmannın’ psixologiyasın xalıq shayırı ju’da’ jaqsı bayanlap, turmıs haqıyqatlıg’ında ashıp beredi. Qaharmannın’ birden dana bolıp keliwi, ja’miyetlik o’zgerislerdi birden qabıllap o’zgerip kete beriwi totalitar da’wirindegi ko’rkem shıg’armalardagı tiykarg’ı bag’dar edi. Abbaz shayır o’mirdi, turmıstı haqıyqıylıqqa jaqın a’kelip su’wretlewdi bildi. Adam turmısta olay emes, ja’miyetlik turmıs, ortalıq, xalıqtın’ milliy u’rp-a’det da’stu’rleri barlıg’ı belgili da’rejede insan psixologiyasına ta’sir etiwshi qubılıslar. Arıslan kem-kemnen turmısqa aralasa baslaydı. Onın’ o’mirindegi birinshi turmıstı tanıy baslawı, ol shan’araq qurıp, u’y-jayı bolıwın a’rman etip, burıng’ı el da’stu’ri boyınsha jas u’lken izlep shıg’adı. Azat degen jas u’lken menen ushırasadı. Azat penen Arıslannın’ turmısta ku’n ko’riw tirishiligi bir-birine sa’ykes keledi. Da’standa bul qaharmanlardın’ o’mirleri qaraqalpaq xalqının’ ku’n ko’riw tirishiligi menen tıg’ız baylanısta alıp barıladı. El ishindegi xalıqtın’ xarakterine baylanıslı toy-tamasha, u’rp-a’detler, salt-sanası, ha’r xalıqtın’ psixologiyası, ku’n-ko’riw tirishiliginin’ kartinası su’wretlenedi. Qaharmanlar usı ortada ha’reket

etedi. Da’standa Allang’or o’lgende xalıq ko’pshilik bolıp kelip Shınargu’lge ja’rdem beredi. A’sirese ag’ayin-tamır adamları:

Sernazar, Pirnazar degen
Allang’ordın’ eki dayısı bar edi,
Ortag’a telpekti taslap,
Xalıqqa o’rnek jol baslap,
Allang’org’a a’keldi
Ekiwi  eki baspaq
Shınargu’ldin’ Orımbet, Turımbet degen
Eki nemere ag’ası bar edi
Tamır-tamır jerlerden
Semiz eki qoy keldi.
Batpan-batpan da’ni bar,
Sonday-sonday sıy keldi
Elmurat eliw ten’ge
Jumaniyaz jup ten’ge,
Berdimurat bir ten’ge
Qısılıp turg’an Shınargu’l
Zordan shıqtı bir ken’ge.  h.t.b.

Bul xalıqlıq, progressivlik da’stu’r. Ol da’stu’rde adamlardın’ bir-birewge qayırqom-miyirmanlıg’ı, qolınan kelgen ja’rdemdi ayanbawı, awızbirshiligi ko’rinedi. Da’standag’ı bul epizodlar nag’ız tariyxıy da’wir haqıyqatlıg’ı. Da’stu’rli da’stan janrındag’ıday “Bahadır” da’stanında da Azat o’z su’ygenin izlep ta’bıwı, biraq konflikt – qızdın’ a’kesi Ta’jimbettin’ malg’a qızın su’ymegen adamına zorlawı, bul jolda su’ygen ju’reklerdin’ gu’resleri, ha’reketleri ju’da’ qızıqlı bayanlanadı. Bul da turmıs shınlıg’ı. El-xalıq ishinde usınday a’dalatsızlıqlar bolıp atırg’an bir da’wirde sırttan da dushpanlar qa’wip tuwdırıp

turadı. Xalıqlar arasında bir-birine qarama qarsılıqlar oyatıp, o’zlerinin’ basqınshılıq siyasatın a’melge asırıwdı oylag’an xalıq dushpanları da joq emes edi. Da’standa bunın’day u’lken xalıqlıq mashqala da sheber su’wretleniwin tapqan. Aqıllı, dana xalıq o’zlerinin’ ortasındag’ı doslıqtı, hu’rmet-izzetti joyıtpaydı. Bir-birine ja’rdem qolların sozıp, azatlıqqa, erkinlikke shıg’ıwg’a umtıladı. Bul jag’day tariyxıy da’wir haqıyqatlıqlarının’ biri edi.

**II topar:** “Bahadır” da’stanında doslıqtın’ jırlanıwı 5 minut

A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanı ju’da’ ken’ ma’nide ko’plegen tematikalıq bag’darlardı o’z ishine qamtıg’an shıg’arma. Da’standa bastan ayag’ına shekem ha’r bir insan o’z-ara doslıq mu’nasibette turmıslıq waqıyalar menen ashılıp bara bergen. Ma’selen da’stannın’ basında-aq Allang’ordın’ shan’arag’ına mu’siybet tu’sedi. Allang’or jawız baydın’ zorlıg’ınan o’limge giripdar boladı. Joqshılıqqa qosa bul mu’siybetke Shınargu’l jaslıq etip albıraydı. Sonda eldegi tatıwlıq, mehir-mu’riwbetlik, doslıq birinshi orıng’a shıg’ıp el birlesedi:

A’liyma altı nan,
Kim ju’weri, kim tarı,
Allang’ordı ko’miwge,
Unı menen da’ni,
Eti menen nanı
Tayın boldı ba’ri
Malın soydı et boldı,

As abatı ko’p boldı. – degen qatarlarda miytindey doslıq, awızbirshilik sa’wlelendirilgen. Da’standag’ı ha’r bir mashqalanı sheshiwde doslıqtın’ a’hmiyeti ko’zge taslanıp, sheshiminde ba’rqulla unamlı na’tiyjelerge erisiledi. Arıslan o’zine el ishinen ag’a izlep shıg’ıp Azat penen doslasadı. Azatta Arıslan sıyaqlı ku’n-ko’ris halı bar, biraq turmıs ta’jiriybesi molıraq. Azat Arıslang’a ag’a bolıp jardemler berip qoymastan ideyası bir, maqseti bir ishki dunyası taza shın dosta

boladı. Arıslannın’ ko’plegen turmıs ta’shwishlerine to’tepki berip jen’iwde Azattın’ ta’siri ha’m u’lesi kop boldı. Arıslan el ishinen qız izleydi. Bunda da Azat og’an bilgen aqıl-na’siyatların aytıp jol basshı ag’a boladı. Arıslan el ishinen o’zine ılayıq qız Qırmızını tabadı. Eki jas bir-birin unatıp, dos boladı. Tilekke qarsı qızdın’ a’kesi Ta’jimurat du’nya malg’a qızın Tolıbay degen baydın’ jarım es balası Artıqbayg’a uzatqısı keledi. Da’standag’ı shiyeletilgen konfliklerdin’ biri de usı Qırmızının’ a’kesi qızının’ kewlin sorap otırmastan o’zinin’ oylag’anın isleydi. Sonda ilajsız qalg’an Qırmızı jen’gesinen ma’sla’ha’t soraydı. Jen’gesi Du’rdana Qırmızıg’a shın dos, ja’rdem qolların soza alatug’ın jası u’lken boladı. Da’standa Qırmızı Du’rdanag’a:

Jen’ge mag’an kim boladı pa’rmana,
Biykeshinin’ at basınday a’rmanı,
Atın’ ne sebepten boldı Du’rdana
Ten’im tabılarma xalıq arasınan?!

Mag’an qapılg’anday sonsha ja’ha’nnen,
Qalay qostar bolar Artıq jamannan,
Tu’ssem qaytıp shıg’almaspan tabannan
Jen’ge qutqarsan’shı bay balasınan?!

Ata-anam qaramadı halına,
Ko’zi qızıp ketip baydın’ malına,
Bir egewdi saldı menin’ janıma,
Da’rt baylandı ju’regimnın’ janınan –

dep arız qıladı. Qırmızı Du’rdanaday aqıllı je’n’gesinen ja’rdem soraydı. Qırmızı tek ja’rdem sorap otırmastan, o’zi de erkinlikke shıg’ıwg’a umtılıwshı insan. Erkinliktin’ jolın qarastıradı, o’zinin’ basına tu’sip turg’an ta’shwishti o’zi

jen'iwge ha'reket etedi. Biraq ba'ribir doslıq qollarının' sozılıwı da'standa ju'da' unamlı tu'rde sheshilgen. Qırmızının' erkinlik haqqındagı bul zarı Du'rdana ta'repinen quwatlawg'a erisedi. Da'standa toy syujeti ju'da' ku'shli konfliktler menen sa'wlelendiriledi. Toyg'a pu'tkil xalıq jıynaladı. Bul toy Qırmızının' erki menen sanaspay berilgen toy. Sonda da da'stu'r boyınsha qız qatar jen'geleri menen toyg'a shıg'adı. Bul toyg'a Arıslan menen Azat ta keledi. Mereke da'wirinde bular Qırmızı menen tanısadı. Qız jigitti unatadı. Qız tezden-aq Arıslannın' jaman jigit emes ekenligin an'layı ha'm tez arada og'an o'zinin' unatatug'ının aytıp, sheshim qabıllaydı. Merekede ılaq oyın, palwanlar gu'resi boladı. Gu'reske Xiywa xanınan adamlar kelip, olardın' da palwanları bul gu'reske qatnasadı. Xan palwanlarına gu'resiwge adam shıqpaydı. En' aqırında xalıqtan ruqsat alıp xan palwanlarına Arıslan shıg'adı. Xan palwanı Qaysar merekege jıynalg'an xalıq aldında o'zinin' jabayılıg'ı menen ko'zge tu'sedi. Ol eger o'zinin' ku'shi kelmese, arqasında su'yenishi Xiywanın'xanı bar ekenligin maqtanısh etip so'ylese, al Arıslan:

Aytqan so'zge qulaq salıp tu'sinsen',
Tırrıyıp maqtanıp qansha ku'shensen',
Qaysar palwan sen ku'shin'e isensen',
Mag'an ko'p tilekles xalqım elim bar.

Tasqınlap so'yleysen' Qaysar ha'rdayım,
Ko'p bolsa, jıg'arsan' kelse jag'dayın',
Men ku'shimdi bir-bir aytayın,
Jen'ilgen jetkinshek ag'a, inim bar.

Shımbay, Qon'ırat, Xojelidey qalamız,
Tog'ayım bar taypaq-taypaq dalamız,

Ka'nli duzlarım bar paydalanamız,

Maqtansam qısqa emes, uzın tilim bar.

Xan palwanı Qaysar menen Arıslannın' gu'resi ya o'lim, ya o'mir haqqında boladı. Biraq xan palwanı jıg'ılıp qaladı. Toy tarqarda Xiywadan kelgen jigitler Azat penen Arıslandı qamap uslap alıp, Xiywag'a aydap ketpekshi boladı. Bunı sezgen Arıslan adamlardın' arasına qashıp qutıladı, Azat qolg'a tu'sedi. Arıslan bul xabardı esitip Qırmızıg'a keledi. Qırmızı Arıslang'a dos ushın ne na'rse bolsa da xızmet etiw, a'sirese dushpanlar qolınan azat etiwdey xızmet en' ullı islerdin' biri. Men seni dos ushın baratırg'an ma'rt, bahadır jigit dep, su'yegim sipse bolg'ansha ku'temen dep jigerlendirip jiberedi.

Mısalı:

Qırmızı dep men o'limnin' haq sharabın ishkenshe,

Eki ko'zimnin' nurı ketip ot janarı o'shkenshe,

Geyde jannan, jan gewdeden ju'da' bolıp ketkenshe,

Basım ko'milip, shashım jayılıp jer astına tu'skenshe.

O'z su'ygeninen usınday wa'dege opalılıqtı esitken Arıslan da'rha'l qasına dosların ertip Xiywag'a tutqın bolıp ketken shın dostı, Azattı qutqarıwg'a ketedi. Doslıqtın' arqasında Azattı Arıslan qutqaradı. Aman-saw eline kelip Qırmızıg'a u'ylenedi. Da'stan qaharmanlarının' muradı-maqsetlerine jetiwine ha'miyshe doslıq ja'rdem berip keledi. Shayır da'standa xalıqlar doslıg'ına da u'lken itibar bergen. O'zbek, qazaq, qaraqalpaq, tu'rkmen xalıqları bir-biri menen doslıq mu'na'sibette bolıp, toy-merekelerinde de jaqın qarım-qatnasta boladı. Jawız ku'shlerge birgelikte turıp gu'resedi. Da'standa teren' jırlang'an doslıq, doslıqtın' a'hmiyeti og'ada ku'shli. Adamlar bir-biri menen dos bolmag'anda, doslıq mu'nasibeti bolmag'anda, birin-biri sıylamag'anda olardın' progressiv ja'miyeti de bolmag'an bolar edi. Biz ha'zirgi ku'nde de doslıq arqalı erkin, rawajlang'an, tınısh-tatıw o'mir keshirmektemiz. A. Dabılovtın' "Bahadır" da'stanın oqıw ha'm

u’yreniw arqalı biz keleshek jaslar doslıqtı, tatıwlıqtı o’tken ata-babalarımızda qa’dirlep qa’sterlep kelgenligin ko’remiz ha’m ibrat alıp u’yrenemiz.

**III topar:** “Bahadır” da’stanında Watan Ta’riypi 5 minut

Qaraqalpaq folklorında, sonin’ ishinde da’stan janrında ha’r bir insannın’ Watan haqqındag’ı ilahiy tuyg’ıları teren’ sa’wlelendiriledi. XX a’sir qaraqalpaq a’debiyatına jazba da’stan do’retiwshilerdin’ biri, da’stan do’retiwdin’ da’stu’rin, jolın dawam ettirip xalıq shayırı A. Dabılov “Bahadır” da’stanın do’retti. Da’standa xalıqtın’ XIX a’sirdegi turmıs haqıyqatlıqları menen birge doslıq, milliy o’zgeshelikler, xalıq azatliq gu’resleri, Watan ta’riypi ju’da’ ku’shli sa’wlelendirilgen.

Watan  insan ushın emin-erkin jasaytug’ın ortalıg’ı, anası, u’yi. Sonın’ ushın ha’r bir adam o’z Watanın, shan’arag’ın qorg’aydı, onın’ gu’llep, jasnap-jaynawına u’les qosıwg’a ha’reket etedi. A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanında da Watan tuyg’ısı, Watan tariypi ha’r bir qaharman ushın qa’dirli, qa’sterli tuwılg’an jeri sıpatında sa’wlelendiriledi. Da’standa qanshama klasslıq gu’resler bolsa da, qanshama bir adam menen ekinshi adam tarepinen o’z-ara kelispewshilikler bolsa da xalıq o’zinin’ xalıqshıllıg’ın etedi. Ha’r bir adam o’z tuwg’an Watanında g’ana baxıtlı ekenligin ug’ındırıp  otıradı. Ma’selen: Eldi gu’llendiriw ushın Qızketken kanalın ha’m awıldag’ı jap-salmalardı qazıp suw alıp keliw kerek boladı. Sol sebepli beldar salıg’ı xalıq basındag’ı en’ qıyını  boladı. Xalıq bul jolda da qansha qıyın bolsa da  el ushın, Watan ushın, keleshek ushın dep gu’resedi.

Mısalı:

Xalıq bolıp qarıw salayıq,
Xalqım ha’mme tileklespiz.
Barlıq jaqtın’ jazıwına
Biz birlesken bileklespiz,

A’miwden shıqqan Qızketken,

Qaraqalpaqtın’ xalqına,

Bunnan ullı sag’a barma

Kegeyli menen Quwanıshjarma

Qızılo’zek penen Tasjarma,

Bular a’wel jarılg’anda

Adam qalmay barılg’anda

Da’standa u’lken shaqırıq penen el-xalıqtı awızbirshilikke, miynet islewge, Ana Watanın qa’sterlep-qa’dirlewge bag’arlaydı. El-xalıq ana-jer bawırın iydirip miynet etse jer seni bag’adı deydi. Biz bilemiz XIX a’sirdin’ ortalarında da bizin’ elimizge texnika ku’shi jetispeytug’ın edi. Sol ushın A’miwda’ryadan sag’a alg’an kanallardı xalıq qol menen qazatug’ın edi. Bul ju’da’ awır miynet bolıp, xalıqtan u’lken ku’shti, awızbirshilikti talap etken. Abbaz shayırdan aldın’g’ı XIX asirde jasag’an xalıq shayırları do’retpelerinde de kanallardı qazıw mashqalası, xalıqtın’ ashlıqtan, qara miynetten mertilip sharshag’anlıqların jırlag’an edi. “Bahadır” da’stanında da bul temanın’ jırlanıwında tariyxıy shınlıq ha’m sebepler bar. U’lken kanallardı qazıwda tek miynetkesh xalıq g’ana bolatug’ınlıg’ın, usı xalıq gu’resetug’ının, keleshek baxtı ushın jasaytug’ının aytadı. Tag’ı da mısallar:

Xorezmnin’ ken’ oyında,

A’miwdin’ eki boyında,

Alınbag’an sag’a barma?

Ko’pshilik jıynalg’an xalqım,

Erten’ qazıwg’a shıg’amız.

Jigirmasına suw jıg’amız,

Bul so’zlerge kewil berip,

Ta’sirlenip jıynalg’an xalıq,

Qol shappatlap, o’rre turıp

Dedi ha’mmemiz turamız taq.

Joqarıda atap o’tkenimizdey xalıqtın’m birligi, xalıqtın’ miyneti arqasında Watan gu’llenip, abadan turmıs boladı. Xalıq shayırı  A. Dabılov bunın’day xalıqlıq ma’pti  miynet etiw, Ana Watandı su’yiw, joqarı adamgershilik ideyaları menen birge bolatug’ınlıg’ın sheberlik penen da’standa jırlay alg’an:

Janlı-jandardın’ jer anası,
Bawımanı bizge su’t bergen,
Biz de bolıp pa’rmanası,
Xızmet qılsan’ ko’p beredi.

Su’tin emip erjetpesen’
Er jetsen’ de sen ku’tpesen’
Perzentlikti ko’rsetpesen’
Sırtın berip, jek ko’redi.

Jer  menen suw erli zayıp,
Shu’digarlasan’ suw jayıp,
Bir jılda-aq ketesen’ bayıp,
Kewlin ashıp ko’p beredi.

Ko’rinip tur jerde altın,
Qızıp umtıl bolma salqın,
Dep aytsam a’diwli xalqım
Danalıq dep qabıl alg’ıl.

Diyxannın’ sha’rti ku’n sanaw,
Tuqımlar ko’p taraw-taraw
Salı eksen’ jeysen’ palaw
Tarı sepsen’ so’k beredi.

Hasıl ka’nin tapsan’ jerden
Otırar ornın’ belgili to’rden,
Ko’teriler dan’qın’ birden
Dushpanların’ ko’p ko’redi. [7]

A. Dabılov XIX a’sirdegi xalıqtın’ turmısın su’wretley otırıp, o’tmishtegi bizin’ ata-babalarımızdın’ miynet e’tiwin, o’z Watanın qa’sterlep abaylawların o’zleri jasap turg’an jerin “ana jer” dep atap og’an qansha xızmet etsen’, ana jer seni sonshama ardaqlaydı, jegenin’ palaw, ishkenin’ may boladı, ornın’ to’rden bolıp, dan’qın’ ko’teriledi deydi.

Bul shayır jırlag’anınday turmıs haqıyqatlıg’ı. Bizdi ha’m bizin’ ata-babalarımızdı o’z ana jerimizde miynet etiw arqalı, miynet ha’m awızbirshilik jasatıp kiyatır. Miynet etiw, tuwılıp o’sken jerdi su’yiw xalıq awızeki du’rdanalarında da, erte da’wir a’debiyat u’lgilerinde de, klassik a’debiyat wa’killeri bolg’an Ku’nxoja, A’jiniyaz, Berdaq, O’tesh shayır shıg’armalarında da ku’shli jirlanıp, keleshek a’wladlarımızdın’ ruwxıy du’nyasın bayıtıp kelmekte. Mısalı:

Miynet penen ashıp qushaq
Ko’rkeyip bizin’ keleshek,
Turmıstag’ı ko’rpe, to’sek,

[7]Dabılov A.SHıg’armaları II tom.”Bahadır”.”Qaraqalpaqstan” baspası. No’kis. 1967j

Pu'tinlener  qazan oshaq!…

Miynetimiz bahalanar,

Qanday qıyın qazıwlar bar,

Ashayıq biz sag'an qushaq,

Bul so'zlerdin' ba'ri de haq,

Xalıq shad bolar qazıw qazsaq.

Da'standa bunnan da basqa ko'plegen mısallar keltiriw mu'mkin. Watan ta'riypin, onın' gu'llenip, jaynap-jasnap turıwlarında xalıqtın' awızbirshiligi, miyneti jatırg'anlıg'ın shayır teren'nen tu'sinip jır etken:

Watan ushın, xalıq ushın

Ko'rsetpesen' bir xızmet

Kerek emes jigitke,

O'z isine maqtanıw

A'zel kewlin' ken' bolsa,

Watang'a, xalıqqa ten' bolsa,

Abraydı, nandı tabasan'

Qartaysan' da shabasan',

Ash o'zegin' talmastan.

Watanın, xalqın qorg'ag'an

Jawın jen'gen shın dosta n, - degen qatarlarda ha'r bir adamg'a o'z tuwg'an jerin' ushın xızmetler etkil, Watanın, xalqın qorg'ag'an shın dos ushın hesh kim sennen de janın ayamaydı dep Watan ta'riypin shın miynet etiw, awızbirshilik tımsalında ko'redi.

**IV topar:** “Bahadır” da’stanında xalıq azatlıq gu’reslerinin’ sa’wleleniwi. (5 minut ).

Da’stan janrı ko’p a’sirlerden berli xalqımızdın’ o’mirindegi ko’p jıllıq elge, xalıqqa ta’n bolg’an tipik momentlerdi ken’ polatnoda qospalı syujet penen ha’m keskin konflikte bere alatug’ın, xalıq su’yip oqıytug’ın, tın’laytug’ın shıg’armalar. Xalıq tu’siniginde de, a’debiyatta da da’stan janrı u’lken janr. Shayır “A. Dabılov “Bahadır” da’stanın totalitar da’wirinde do’retti. Onnan burın’g’ı jıllarda da eldegi ju’z bergen u’lken-u’lken tariyxıy waqıyalardı da su’wretleydi. Traditsiyalıq da’stanlardın’ u’lgisi menen ju’rip, solardın’ da’stu’rlerin XX a’sir a’debiyatında da jan’asha mazmun, jan’a forma, jan’asha stiller menen dawam ettirdi. Shayır A.Dabılov da’stu’rinli da’stan janrın XX a’sir qaraqalpaq a’debiyatına birinshi bolıp engizdi. Biraq jasap turg’an da’wir siyasatı da da’standa o’zinin’ izin qaldıradı. Bul ta’riyxıy shınlıq edi. Abbaz Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanı onın’ uzaq jıllıq do’retiwshilik ta’jiriybelerinin’, do’retiwshilik oylarının’ juwmaqlarınan tuwg’an shıg’arma. Da’standa ju’da’ ken’ planda xalıq azatlıq gu’resleri sa’wlelendiriledi. Sebebi da’stannın’ jırlap atırg’an da’wiri XIX a’sir, XIX a’sirdin’ aqırlarında Orta Aziya xalıqlarında milliy azatlıq gu’resleri oyang’an edi. Orta Aziya xalıqlarının’ biri qaraqalpaq xalqı da o’z erkinligine, azatlıg’ına umtıldı. Abbaz shayırdın’ o’zi de sol da’wir adamı boldı. Xalıq shayırı da’standı eki printsipti basshılıqqa alg’an halda do’retiwge ha’reket etti. Birinshisi, da’standı folklorlıq da’stanlardın’ traditsiyalıq jolı menen, ekinshisi qaharmandı kem-kem o’siw arqalı bir ja’miyetlik qurılıstan shıg’arıp, ekinshi jan’a ja’miyetlik qurılıstın’ qaharmanı etiw, onı jan’a ideya, jan’a sana menen qurallandırıwları da sol o’zi jasag’an da’wirdin’ ruwhı edi. Arıslan Ta’jimurattın’ toy berip atırg’anının’ u’stininen shıg’adı. Tajimurat jalg’ız qızı Qırmızının’ kewline qaramay bay balası Artıqqa azatajaq edi. Usı toyg’a o’zbek xalqınan, tu’rkmen, qazaq xalıqlarınan da qonaqlar keledi. Toyda gu’res boladı. Xan palwanı Qaysardı gu’reste Arıslan jıg’adı. Sonda kewli o’sik xan palwanları Arıslandı uslap alıp o’ltirmekshi boladı.

Arıslannın’ dostı ha’m ag’ası Azat onı qashırıp jiberip, o’zi xan palwanlarına qarsı turadı. Azattın’ olar ko’pshilik bolg’anlıg’ı ushın uslap alıp Xiywag’a a’ketpekshi boladı ha’m olar qara twdan asqan jerinde Arıslan dosları menen izinen jetip baradi:

Arıslan der aldımda bir qara taw bar,
Tawdın’ eteginde bir bo’lek jaw bar,
Jaw qolında ayaq-qolı mataw bar,
Sol jerde ja’rdem ber Shaybas gu’ren’im

Aman esen dushpanlardan qutılsam,
Qırmızıg’a basım qoyıp otırsam,
Sonda sen aylanıp qazıqta tursan’,
Sol maqsetke jetsem Shaybas gu’ren’im.

Arıslan bul so’zdi aytqan waqıtta,
Xalıqlarg’a quwanısh payda bolıp,
Arıslannın’ aytqanın xoshlap,
Qaharmanlıq penen tag’ı jol baslap h.t.b.

Da’standa so’z etken da’wir bizin’ ko’z aldımızg’a da’stu’rli da’stan janrındag’ı at obrazın, ondag’ı batırdın’ jan joldası bolg’an atqa batırdın’ qatnası keledi. Batırdın’ at tek jol ko’ligi emes, ba’lki ishki jan du’nyasın tu’sinetug’ın joldası da. Usı syuhetti shayır ju’da’ jaqsı alıp da’stannın’ ideyasına sindire alg’an. Da’standa batırdın’ basına qıyın is tu’skende ha’miyshe dosları, eli-xalqı qollap-quwatlap tilekles bolıp otıradı. Qon’sılas tuwısqan xalıqlarda ba’rhama ja’rdem qolların sozadı. Da’standa o’z da’wiri ushın avtor ta’repinen ju’rgizilip atırg’an klasslıq ideologiyanın’ bir ko’rinisi, totalitar da’wirindegi jan’a payda bolg’an

milliy ma’deniyattın’ ko’rinisleri sa’wlelendiriledi. Du’nya a’debiyatında ja’miyettegi tariyxıy obiektivliktin’ durıs ko’rinislerin sa’wlelendiriw ha’m rawajlandırıw da’rejelerin ko’rsetiw usag’an a’debiyat talap etken tiykarg’ı sha’rtlerge sa’ykes kelgenligi belgili. Sonın’ ushın da da’standa tiykarg’ı konfliktlerde klasslıq ideologiyalardan kelip shıg’adı. Olar xalıqlar arasındag’ı azatlıq gu’reslerine shekem barıp jetedi. Shayır a’rman  etken shın azatlıq da’wiri ha’zir keldi. Ata-babalarımız a’rman etip, tınbay gu’resip kelgen milliyligimiz, du’nyag’a ko’rinip atır. Milliy o’zgesheliklerimiz benen, progressivlik ideyalarımız benen ha’m bir xalıqtan kem emes ekenligimizdi endi ko’rip atırmız. Xalıq shayırı A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanı totalitarlıq da’wirinde do’retilgen. Biraq sog’an qaramastan da’standa qaraqalpaq xalqının’ milliy o’zinshellik kelbet, Watandı su’yiwi, ata-babalar da’stu’rin ardaqlap keliwi, a’dep-ikramlıg’ı, xalıqlar doslıg’ı barlıg’ı durıs sa’wlelendirilgen. XIX a’sirde ha’m onnan arg’ı da’wirinde de qaraqalpaq xalqı, Orta Aziyada jasawshı xalıqlar jawgershilikten, asharshılıqtan, basıp alıp tonawshılıqtan ju’da’ ko’p qıynalg’an. Qala berse ishki ha’kimshilikler, xanlardın’ da eziwi ja’birlegen. Usınday qıyınshılıqlardı basınan o’tkergen xalıq mudamı azatlıq ushın da gu’resler ju’rgizgen. Da’stannın’ ideyasında xalıq azatlıq gu’resi o’z aldına syujet emes, toy syujetinde, basqa da syujetler menen qosa sa’wlelendirilip barılg’an. Ken’ polotnada su’wretlengen da’standa bular izbe-iz da’stannın’ ideyasının’ bayıtılıwında, rawajlandırıwlarında ashılıp barılg’an. Arıslan kem-kemnen turmısqa aralasa baslaydı. Onın’ o’mirindegi birinshi turmıstı tanıy baslawı, ol shan’araq qurıp, u’y-jaylı bolıwın a’rman etip, burın’g’ı el da’stu’ri boyınsha jas u’lken izlep elge shıg’adı. Azat degen jas u’lken adamdı izlep tabadı. Ekewinin’ de ishki oyları, pikirleri sa’ykes keledi.  Da’standa eki adamnın’, yamasa da’stan qaharmanının’ doslıqtı izlewi baslanadı. Doslıq ha’r qanday alg’a qoyg’an maqsetlerin’di orınlawda ja’rdemi tiyetug’ın jaqsı qatnas. Da’standa qaharmanlardın’ o’mirleri, qaraqalpaq xalqının’ ku’n ko’riw tirishiligi menen organikalıq baylanısta alıp barıladı. El ishindegi xalıqtın’ milliy o’zgesheligine baylanıslı toy-tamasha, u’rp-a’detler, salt-da’stu’rler ha’r bir

xalıqtın’ psixologiyası, ku’n ko’riw tirishiliginin’ kartinası su’wretlenedi. Qaharmanlar usı ortada xalıq azatlıq gu’reslerin ju’rgizedi, ha’reket etedi.

**V topar:** “Bahadır” da’stanında ko’rkemlew qurallarının’ paydalanıw sheberligi.

Ha’r qanday ko’rkem shıg‘arma, tilinin’ go’zzallıg‘ı menen ko’zge taslanadı. Ko’rkem so’z sheberinin’ ko’rkemlew qurallarınan paydalanıw sheberligi shıg‘armanın’ tiykarg‘ı janı. SHıg‘armanın’ ko’rkemlew quralları qaharmannın’ kelbetin, is-ha’reketin, peyzajlardı su’wretlewde en’ kerekli bolg‘an shayırdın’ shayırlıq bay tili.

A.Dabılovtın’ «Bahadır» da’stanı haqqında mınaday bahalı pikirlerdi ko’remiz. «Birinshi gezekte shıg‘armag‘a til sheberligi kerek. Onısız ko’rkem shıg‘arma, ko’rkem shıg‘arma bolmaydı. Bul shıg‘armanın’ qunın, jazıwshı shayırdın’ bilimin, til baylıg‘ın ko’rsetetug‘ın belgi. Sebebi, bay mazmundı a’jayıp su’wretlew quralları menen kestelep shıg‘ıw ushın tilinen pal tamıp turg‘an shayır, jazıwshı kerek boladı. Bul jag‘day shıg‘armag‘a o’z da’wirinde do’regen shıg‘armalarının’ ishine onın’ ornın alıp beredi. A’debiyatta jazıwshının’ da ornı ko’rsetiledi. Bul talaplardın’ barlıg‘ına xalıq shayırı Abaz Dabıl ulının’ usı «Bahadır» da’stanı arqalı juwap beredi»[8]

A.Dabılovtın’ «Bahadır» da’stanı, haqıyqatında da bay mazmung‘a iye, a’jayıp poeziyalıq sheberlik penen do’retilgen shıg‘arma boldı. Xalıq shayırı

da’stan jazıwda xalıq awızeki a’debiyatının’ a’jayıp u’lgilerinen paydalang‘an.. Da’standa naqıl-maqallar, xalıq poeziyasına ta’n bolg‘an sheber su’wretlewler, ko’rkemlew quralları lirizm, aforizmlerden ju’da’ ken’ qollanılg‘an. Mısalı: «Birlik penen el boladı, ko’p tu’kirse ko’l boladı»,

[8] A’.Paxratdinov, «Abbaz shayırdın’ ko’rkemlik du’nyası», No’kis, Qaraqalpaqstan, 2009,221-bet.

«Maqul so’zge mal mo’n’ireydi», «Pıshıq penen quda bolsan’, tıshqan menen toy qılar», «May aynısa untap duzdı salamız, duz aynısa, og‘an neni salamız». Sonday-aq, da’standa metaforalar da ju’da’ orınlı qollanılg‘anın ko’remiz.

SHo’l jerde shen’gelge bu’lbil qonar ma?

Qızıl gu’lge g‘arg‘a qonıp bolar ma ?

Qonsa da qondırg‘an adam on’ar ma?

Usınday islerge hayran qalamız.

Da’stan folklorlıq su’wretlew qurallarına bay, xalıq da’stanlarının’ u’lgisinde waqıyalardın’ so’z etiliwi qusag‘an jag‘daylar jiyi gezlesedi. Bundag‘ı su’wretlengen obrazlar menen kartinalar, qaharmanlardın’ is-ha’reketleri isenimli tu’rde sheber bayan etiledi.

Ha’r qanday shıg‘armanın’ bahalı jeri, onın’ ideyalıq mazmunı menen ko’rkemlik sheberliginin’ joqarı da’rejede bolıwı bolıp tabıladı.

«Bahadır» da’stanı ideyalıq mazmunı ha’m ko’rkemlik forması jag‘ınan tıg‘ız ha’m ajıralmas tu’rde baylanısqan.

Bul en’ da’slep obrazlardın’ sheber su’wretlengenliginen shıg‘armanın’ qaharmanları teren’ psixologiyalıq jaqtan ko’rsetiliwinen til baylıg‘ınan ha’m poetikalıq su’wretlew qurallarının’ jeke usıllarının’ ko’p tu’rli bolıp keliwinen ko’rinedi.

Da’standa bolg‘an waqıyanı tuwra emes,astarlap aytıwda da’standa u’lken orın tutadı. SHayır tilinde metaforalardın’ ayrıqsha tu’ri bolg‘an janlandırıw ken’ qollanılg‘an. «Baydın’ malına qızıp, qızın satqanlıg‘ın u’lken nadanlıq dep esaplaydı. A’kesi qızının’ jag‘dayına qaramaydı, malg‘a qızadı, sonda qız a’kesine qaray bılay dep tolg‘aydı: «Ha’rrenin’ palı bolg‘an menen o’zinin’ za’ha’ri boladı,

meni bay adamg‘a berip may jegenshe jarlıg‘a berip, baqay sıyraq jegende bolmaspa edi»- dep o’zinin’ da’rtlerin bayan etedi.

A.Dabılov «Bahadır» da’stanın ju’da’ sheber su’wretlewleri arqalı kesteley bildi. Onda xalıq naqıl-maqalların ha’r ta’repleme orınlı qollanılg‘an.

Mısalı: Perzenttin’ jamanı

Xalıqqa a’kesin ku’lki qıladı.

Jaqsı perzent a’kesinin’ mu’lki boladı.

Gu’rish arqasınan gu’rmek,

Su’w ishedi degendey,

Bizler senin’ arqan’nan,

Ogiz jegip, sıyır sawayıq dedi.

Qız jigittin’ arasındag‘ı islerde,

Birewge biz birewge pıshaq bolg‘an edi.

So’zge so’zdi bılg‘astırıp,

SHaxmaqtın’ otınday alıstıratug‘ın edi.

Tan’dag‘ı bawırdan ha’zirgi o’kpe,

Uratug‘ın jigitke iyt te tayaq,

Degen naqıllar da bar edi – dep.

Xalıq shayırı qaraqalpaq xalıq awızeki a’debiyatın, sulıw tilin ju’da’ jaqsı bilgen. Onı o’z shıg‘armalarında og‘ada durıs paydalang‘an.

A.Dabılov talantlı so’z sheberi. Onın’ qaysı bir shıg‘armasın alıp qarag‘anımızda da xalıq tilinin’ baylıg‘ın, teren’ mazmunın ko’remiz.

Xalıq shayırının’ tilge sheshen, ko’rkem so’z iyesi ekenligin da’stannın’ ha’r bir qatarında ko’rinip tur.

Kishi toparlarg’a berilgen tapsırmanı orınlawı ushın 25 minut waqıt ketedi. Berilgen joqarıdag’ı sorawlar arqalı da’stannın’ tolıq mazmunın, ideya-tematikasın oqıwshılar o’z betinshe izleniwleri arqalı, ha’r bir kishi toparlardın’ bir tema a’tirapında izlenip, oqıp pikirlewlerin, bir-birin tın’lawları arqalı temanı bilip aladı. Joybarlaw texnologiyası arqalı klass oqıwshılarına o’z u’stinde izleniwge, o’zinshe oylanıp pikirlewge, wazıypanı orınlawg’a u’yrete otırıp jan’a bilimler ha’m ta’rbiya beriwge boladı. Oqıwshılardın’ tapsırmanı orınlag’anına qarap bahalap ketemiz.

**Bekkemlew ushın shınıg’ıwlar:** 5 topar da sol bo’lingeni boyınsha otıradı. Mug’allim ta’repinen aldın-ala tayarlanılg’an sorawlar toplamı slayd arqalı jiberiledi. Kim birinshi tapsa, sol topar ag’zası bahalaw qag’azların alıp baradı.

1-soraw: A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanınan xalıq turmısın sa’wlelendirgen qosıq qatarların kim yadtan aytıp beredi?

2-soraw: Da’stannan doslıqtı su’wretlegen qosıq qatarların kim aytıp beredi?

3-soraw: Da’stannan milliy u’rp-a’detlerdin’ sa’wlelendirgen qosıq qatarlarınan kim aytadı?

4-soraw: Da’standa milliylik belgileri tag’ı qanday sa’wlelendirilgen?

5-soraw: Azat ha’m Arıslan qalayınsha dos boldı?

6-soraw: Arıslan menen Qırmızı qalayınsha ushırasadı?

7-soraw: Qızdın’ atı Qırmızı,

Shahsanemnin’ da’l o’zi,

Eki bettin’ alması,

Qag’azg’a qan tamg’anday,

Qaran’g’ı u’yge kirgende,

Ko’zleri sham jang’anday

Ko’rmegenler bir ko’rse,

Es aqıldan tang’anday

Keltirilgen qosıq qatarlarında ko’rkemlew qurallarının’ qaysı tu’ri paydalanılg’an?

8-soraw:

Sayray almay tursa, qa’peste bu’lbil,
Ashıla almay tursa, baqshada bir gu’l,
Kewil sandıq ashılmasa qızıl til,
Qarshıg’a iytelgi qustın’ balası.
Qashag’an tar jerge tıg’ılg’an waqta,
G’osh jigit jol tappay qısılg’an waqta
Aytıp emes aqıl berse anası

Ko’rkemlew quralının’ qanday tu’ri berilgen?

9-soraw: Tap sol waqta Xiywadan,

Ishinde eki palwan bar,
Xannan keldi qırıq adam,
Palwanları sheshinip,
Orın aldı ortadan

Ekewinin’ u’stinde
Eki sholaq shekpen bar
İyrilip qızıl kendirgen,
Toqılg’an eken torqadan,
Ekewinin’ jeytug’ını
Bir ku’ndegi tamag’ı
Bir sıyırdın’ eti eken
Gu’rtik penen aralas
Ishedi eken ha’r qaysısı,
On tabaqtan sorpadan
On shaynek shayg’a ha’r qaysısı
Azan’g’ı shayg’a halqası
Shaynegine u’sh nannan
Otız nandı jeydi eken
Baltırının’ ju’nine
Birewi qonıraw o’tkizgen
Bileginin’ ju’nine
Birewi marjan o’tkizgen
Palwanlardın’ barbazın
Pan’-pan’ menen jetkizgen.

Ko’rkemlew qurallarının’ qanday tu’ri berilgen?

10-soraw: Da’standa “Pıshıq penen quda bolsan’ tıshqan menen toy qılar”, “Juwan judırıq, ko’p taban”, “Jaralı ketken ju’rekler” ko’rkemlew quralının qanday tu’ri?

Berilgen soraw juwapqa 10 minut waqıt beriledi.

Oqıwshılarg'a u'yge tapsırmag'a A. Dabılovtın' "Bahadır" da'stanın oqıw ha'm o'zleri unatqan qosıq qatarlarınan u'zindiler yadlaw.

A. Dabılovtın' "Bahadır" da'stanında tariyxıy da'wir haqıyqatlıqlarının' jirlanıwın oqıtıwda "Aqılıy hu'jim" metodı basqarıp bardı, taza temanı bu'gingi oqıw bag'darının' talap da'rejesine say mug'allim – rejissyor,al oqıwshılar – artist bolıwı kerek degenindey, oqıwshılardı jan'a bilimlerdi o'z betinshe iyelewge bag'darlap, izinde tag'ı da bir neshe soraw-juwaplar menen bekkemlep, tolıqtırıp bardıq. Oqıtıwdın' usınday metodlarınan, usıllarınan paydalana otırıp ha'r bir sabaqtı belgili da'rejede maqsetine jetkeriwge boladı.

# JUWMAQ

XX a’sir qaraqalpaq adebiyat tariyxında o’z ornına iye, talantlı xalıq shayırı A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanı onın’ shıg’armalarının’ gu’ltajı boldı. “Bahadır” da’stanı onın’ uzaq jıllarg’ı do’retiwshilik ta’jiriybelerinin’, do’retiwshilik oylarının’ juwmaqlarınan tuwg’an shıg’arma. Eki ja’miyetlik qurılısta jasap, eki o’mirdi de ko’zi menen ko’rgen a’piwayı qaraqalpaq diyqanının’ o’mir shınlıqların jazıwı a’lbette shayırg’a da jen’il tu’sken joq. A’sirese, onı XX a’sir a’debiyatının’ printsiplerin basshılıqqa alıp jazıwı ushın xalıq shayırına o’z zamanlaslarınan ko’p ma’sla’ha’tler alıwına tuwra keldi. Sebebi, waqıyalardı xalıq inang’anday reallıq penen su’wretlew, bul reallıqtı anıq tariyxın obiektivlik penen baylanıstırıw ja’ne de onı revolyutsiyalıq rawajlanıw halında ko’rsetiw qansha ta’jiriybeli shayır bolg’anlıg’ı menen an’sat emes edi.

Sonlıqtan da xalıq shayırı da’stan jazıw ma’selesinde eki printsipti basshılıqqa aldı. Birinshiden, da’standı folklorlıq da’stanlardın’ traditsiyalıq jolı menen islep shıg’ıw, biraq qaharmandı kem-kemnen o’siw arqalı bir ja’miyetlik qurılıstan shıg’arıp, ekinshi jan’a ja’miyetlik qurılıstın’ qaharmanı etiw, onı jan’a ideya, jan’a sana menen qurallandırıw ma’selesinde shayırg’a ja’rdem bergen na’rse o’zinin’ eki ja’miyetlik o’mirdi o’z ko’zi menen ko’riwi, o’z basınan keshiriwi edi. Ekinshiden, jazılajaq da’standa o’zi jasap turg’an ja’miyettin’ a’debiyatı ha’m ko’rkem o’nerinin’ baslı printsiplerin basshılıqqa aldı.

Bizin’ bakalavr pitkeriw qa’niygelik jumısımızdın’ teması “ A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanında tariyxıy da’wir haqıyqatlıg’ının’ jırlanıwın oqıtıw metodikası” dep ataladı.

Kirisiw bo’liminde A. Dabılovtın’ ulıwma do’retiwshiligine qısqasha toqtadıq. Abbaz shayırdın’ 1898-jılı Shımbay Uezdinin’ Ko’k o’zek bolıslıg’ında, ulama adamnın’ shan’arag’ında tuwılıp, ta’rbiya alg’anlıg’ına, 1930-jıllardan baslap qaraqalpaq a’debiyatında qa’lem terbetip kiyatırg’an xalıq shayırı ha’m

qıssaxanlıg'ına toqtap o'ttik. "Bahadır" da'stanın 1946-jılları do'retken. Da'stan totalitarlıq da'wirinde do'retilgen. Usı da'wirde jasag'an ha'm shıg'armalar do'retken jazıwshı-shayırlar sıyaqlı Abbaz shayır da o'z da'wirinin' ruwxı menen jasadı. Bul tariyxıy shınlıq. Da'standa tariyxıy da'wir haqıyqatlıqları jirlanadı ha'm qısqasha usılarg'a toqtadıq.

8-klass mektep sabaqlıg'ında xalıq shayırının' o'mir bayanı ha'm "Bahadır" da'stanına 2 saat berilgen. Sabaqlıqtag'ı mag'lıwmatlardı esapqa alg'an halda diplom jumısımızdın' jobasın to'mendegishe rejelestirdik. Birinshi baptı "A.Dabılovtın' "Bahadır" da'stanının' ideyasın ha'm tematikasın uyretiwde qollanılatug'ın aldın'g'ı pedagogikalıq texnologiyalar " dep aldıq.

Bul sabaqtı o'tiwde " Mashqalalı oqıtıw" metodınan paydalandıq. Bunda biz qaraqalpaq a'debiyatında da'stan do'retiwshilik da'stu'rli tu'rde folklorlıq shıg'armalardag'ı da'stanshılıqtı rawajlandırıwda Abbaz shayırdın' shayırlıq sheberliklerin ashıp berdik. Oqıwshılarg'a bilim beriw menen birge, a'dep-ikramlılıqqa, Watandı su'yiwshilikke, doslıqqa ta'rbiyalawg'a bag'darladıq. Sonın' menen birge oqıwshılardı erkin pikirlewge, da'stan janrının' do'retiliwi, ahmiyetin tu'siniwge, da'stannın' syujetindegi waqıyalardı, tariyx penen, turmıs penen baylanısın tu'siniw, talqılaw ko'nlikpesin payda ettik.

Klass oqıwshıların "Minara qurıw" shınıg'ıwı arqalı eki toparg'a bo'lip, qaysı topar slayd arqalı berilgen sorawlarg'a birinshi ha'm tez taba alsa, bir gerbish ball berip barıla berildi. Slayd arqalı to'mendegishe sorawlar berildi: Xalıq shayırı A. Dabılov qashan ha'm qay jerde tuwılg'an? Abbaz shayır ja'ne qanday o'nerdi u'yrengen? Abbaz shayır qaysı da'stanlardı xalıq ishinde qıssaxanlıq etip oqıp berip ju'rgen? Milliy ma'deniyat tarıyxında Abbaz shayırg'a ten' keletug'ın adamlar kemnen-kem ushırasatug'ın edi. Ol o'zi ko'rkem a'debiyat, o'zi folklor, o'zi barıp turg'an tariyx edi. Bul u'shewin ko'z aldımızg'a keltirmey turıp, Abbaz shayır haqqında tu'sinikke iye bolıwımız da mu'mkin emes" – degen pikirdi kim aytqan edi? Abbaz shayır qanday shan'araqta o'sken? Abbazdın' Qazna ha'm

Halwa degen qarındaslarında qanday talant bolg'an? Abbaz shayırdın' qanday qosıqların bilesiz? Abbaz shayırdın' ustazları, oqıg'an mektebi bolg'an ba? Abbaz shayırdın' o'zindey xalıq shayırları da'rejesin alg'an zamanlasları qaysı shayırlar? Abbazdın' qıssaxan sha'kirtleri bolg'an ba? Qıssaxanshılıq, qıssaxan hawazın esitkensizbe?

O'tilgen tema yag'nıy u'yge berilgen tapsırmanı oqıwshılar qalay o'zlestirgenin usınday sorawlar bag'darında bilip aldıq.

Xalıq shayırının' o'miri ha'm do'retiwshiligi boyınsha soraw-juwaplar o'tkerip bolg'annan keyin "Bahadır" da'stanının' tiykarg'ı ideyasın ashıp beriwge ha'reket ettik.

A. Dabılovtın' "Bahadır" da'stanında tiykarınan sotsiallıq turmıs mashqalası jirlanadı. İnsan ta'g'diri, baxtı, jaqsı turmıs ushın gu'resleri so'z etiledi. "Bahadır" da'stanı XX a'sir qaraqalpaq jazba a'debiyatında payda bolg'an birinshi da'stan bolıp qaraqalpaq folklorındag'ı da'stan janrın dawam ettirgen da'stu'rli da'stanlar u'lgisinde do'retilgen biybaha shıg'armalardın' biri bolıp esaplanadı. Da'stan baslanıwdan-aq Shınargu'ldin' o'mirlik joldası Allang'ordın' turmıs tirishiligi jolında tragediyalıq awhalda tu'sip qalg'an syujet penen baslanadı. Basına ku'lpet tu'sken Shınargu'lge eli-xalqı ja'rdemler beredi. Bul epizod da'standa ju'da' ken' tu'rde sa'wlelendiriledi. Mısalı: Shınargu'l

Ta'mem ko'p jıynalg'an dostan,
Basında tur ko'p zımıstan,
Jarlılıq u'lken sho'listan
Shınargu'ldin' bar tilegi
Xalıqtan basqa joq tiregi

Shınargu'ldin' so'zin
Tın'lag'an xalıqtın' ishinde

Sernazar, Pirnazar degen
Allan’g’ordın’ eki dayısı bar edi.
Ortag’a telpekti taslap
Xalıqqa o’rnek jol baslap,
Allang’org’a apkeldi,
Ekewi eki baspaq.
Shınargu’ldin’ Orınbet, Turımbet degen,
Eki nemere ag’ası bar edi,
Tamır-tamır jerlerden
Semiz eki qoy keldi.
Batpan-batpan da’ni bar,
Sonday-sonday sıy keldi. h.t.b

Da’stannın’ ideyasında turmıs haqıyqatlıqları menen qarısıp ketken epizodlar, syujetler a’ste-aqırın rawajlandırılıp barılg’an. El-xalıqtın’ awızbirshiligi xalıqlar doslıg’ına barıp ulasadı. Eki adamnın’ doslıg’ı belgili bir maqsetlerge erisiwde u’lken ku’sh boladı. Endi on to’rt jasqa kelgen ulı Arıslan menen Qırmızı talay turmıs qıyınshılıqlarına ushırasadı. Arıslan awılda shopan boladı. Qırmızı ku’n ko’ris ushın ko’plegen talaplardı isleydi. Arıslan balalıq etedi. Anası Arıslandı ba’rha’ma durıs jolg’a salıp ta’rbiyalap baradı. Arıslan bunı tu’sinip anasının’ aytqan ta’rbiyaların aladı:

Qayg’ı menen qapalanba

Jesirmen dep japalanba
Iplas pikirge talanba
Aq su’t bergen mehribanım
Sizge men a’dep saqlayman,
Emgen su’timdi aqlayman,

- dep sert aytadı. Arıslan aqıl toqtatıp, el ishinen o’zine ag’a ha’m dos izlep Azattı tabadı. Er jetip o’z su’ygen qızın izleydi. Qırmızını tabadı. Da’standa neke toy syujeti ken’ tu’rde bayanlanıp, tiykargı konflikt ju’zege keledi. Qız su’ymegen adamına uzatılıp atır. Ekinshi Xiywa palwanların Arıslan gu’reste jıg’adı. Palwanlar bunı ko’tere almay Arıslandı o’ltirmekshi boladı. Bul jerde de doslar ja’rdemi birinshi orıng’a shıg’adı. Qırmızının’ sırlas dostı jen’gesi Du’rdana, Arıslan ushın  jan pida’ etip ju’rgen jigit ag’ası Azat ha’m ja’ne eli xalqı. Da’standa toy epizodların su’wretlewde milliy o’zinshellik belgilerdi barınsha qubısjıp sheberlilik penen su’wretlep baradı.

Qızlardı u’yge kirgizip,
Qant ko’pirdi basladı.
Qız jen’gesi Gu’lzardı,
Otırg’ızıp turg’ızıp,
Baqsıg’a qızlar taslawg’a
Oramal menen sharshıg’a
Aqsha tu’sip g’oshladı.

yamasa

Badam qabaq u’stinde,
Qıyalang’an qası bar,
On jetini toltırg’an,
On segizde jası bar
Ha’r jag’ında on-onnan
Jigirma burım shashı bar

U’yden shıg’ıp jen’ salıp
Tu’rmesinin’ sırtınan
Aydınlını bir shalıp

Sa’rbinazday sallanıp.., h.t.b.

Da’stannın’ ideyası bir shan’araq basındag’ı ta’shwishlerdi sa’wlelendire otırıp xalıqtın’ milliy o’zgesheliklerin, doslıqtı, miynet etiwdi, Watandı su’yiwdi barlıg’ın o’z ishine qamtıydı. Usılardın’ birliginde qaharmanlar murat-maqsetine jetedi. Da’stannın’ “Bahadır” dep atalıwında da simvolikalıq obraz jatır. Arıslan ha’m Azat ma’rt ha’m batır, Arıslannın’ ulın usı ma’rtliktin’ jemisi “Bahadır” dep qoyıp, da’stannın’ ataması menen ideyasın jaqsı baylanıstıra alg’an. “Gu’lda’ste” shınıg’ıwı ha’m “Bayterek” shınıg’ıwı arqalı bul ideya-tematika bekkemlendi.

Ekinshi baptı “A.Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanında tariyxıy da’wir haqıyqatlıqlarının’ jırlanıwın oqıtıw metodikası” dep aldıq. Taza temanı o’tiw ushın aldın ala klass oqıtıwshılarına “Joybarlaw texnologiyası” boyınsha bes kishi toparg’a bes tema berilip jiberiledi.

I topar: “Bahadır” da’stanında xalıq turmısının’ sa’wleleniwi.II topar: “Bahadır” da’stanında doslıqtın’ jırlanıwı.III topar: “Bahadır” da’stanında Watan ta’riypi.IV topar: “Bahadır” da’stanında xalıq azatlıq gu’reslerinin’ sa’wleleniwi. V topar: “Bahadır” da’stanında ko’rkemlew qurallarının’ paydalanıw sheberligi.

Joybarlaw texnologiyası boyınsha aldın-ala oqıwshılarg’a bes kishi toparg’a bes tema berilgen. Toparlardın’ tapsırmanı orınlag’anlıg’ın tekserip bilip alıp, olardı tın’lawg’a ha’r toparg’a 5 minuttan waqıt berildi.

Joybarlaw texnologiyası boyınsha bes toparg’a 5 minuttan waqıt berip berilgen tapsırmanı oqıtaman.

Bes topar da sol bo’lingeni boyınsha otıradı. Mug’allim ta’repinen aldın-ala tayarlanılg’an sorawlar toplamı slayd arqalı jiberiledi. Kim birinshi tapsa, sol topar ag’zası bahalaw qag’azların alıp baradı.Sorawlar to’mendegishe: A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanınan xalıq turmısın sa’wlelendirgen qosıq qatarların kim yadtan aytıp beredi? Da’stannan doslıqtı su’wretlegen qosıq qatarların kim aytıp beredi?

Da’stannan milliy u’rp-a’detlerdin’ sa’wlelendirgen qosıq qatarlarınan kim aytadı? Da’standa milliylik belgileri tag’ı qanday sa’wlelendirilgen? Azat ha’m Arıslan qalayınsha dos boldı? Arıslan menen Qırmızı qalayınsha ushırasadı? Bul sorawlarg’a juwaplar alınıp, oqıwshılardın’ bilimi bahalanadı.

A. Dabılovtın’ “Bahadır” da’stanında tariyxıy da’wir haqıyqatlıqlarının’ jirlanıwın oqıtıwda “Aqılıy hu’jim” metodı basqarıp baradı, taza temanı bu’gingi oqıw bag’darının’ talap da’rejesine say mug’allim – rejissyor,al oqıwshılar – artist bolıwı kerek degenindey, oqıwshılardı jan’a bilimlerdi o’z betinshe iyelewge bag’darlap, izinde tag’ı da bir neshe soraw-juwaplar menen bekkemlep, tolıqtırıp baramız. Oqıtıwdın’ usınday metodlarınan, usıllarınan paydalana otırıp ha’r bir sabaqtı belgili da’rejede maqsetine jetkeriwge boladı.

**Paydalanılg’an a’debiyatlar**


1. Karimov I.A. Joqarı ma’niyat – jen’ilmes ku’sh. Tashkent „Manaviyat” 2008j
2. Karimov I.A. Ona yurtimiz baxtu iqboli va buyuk kelajagi ywlida xizmat qilish-eng oliy saodatdir . Tashkent „Uzbekiston” 2015j
3. Alımov A’.Bilimdi jan’alaw da’wir talabı. No’kis.”Bilim” 1997j
4. Aliyakulov N.X. Pedagogicheskaya texnologiya T.2009.
5. Abdimuratov P.Joqarı mektepte pedagogikalıq texnologiya.N.,1999 j.
6. Ishmuhamedov R.,Abduqodirov A.,Pardaev A. Ta`limda innovatsion texnologiyalar. T. 2005.
7. Zyazyuna İ.A.Osnovı pedagogicheskogo masterstva. M., 1989.
8. Jan`a pedagogikalıq texnologiya-oqıtıw teoriyasın ha`reketke keltiriwshi ku`sh. Materialı Respublikanskiy NTK. Otvet.red.prof.Userbay Alewov No`kis, QMU-2011. 160-bet.
9. Dabılov A.”Baxadır” da’stanı „Qaraqalpaqstan” 1967
10. Dawqaraev N. Qaraqalpaq a’debiyatı tariyxının’ ocherkleri III tom. No’kis. „Qaraqalpaqstan” 1979
11. Paxratdinov A. Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’wdi’n’ metodikali’q gey bir ma’seleleri. N., 1991
12. PaxratdinovA. Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’ni’n’ aktual ma’seleleri. N., 1984
13. PaxratdinovA. Qaraqalpaq a’debiyati’n woqi’ti’w metodikasi’. N., 2004.
14. Paxratdinov A. Allambergenov K.Bekbergenova M. XX a’sir qaraqalpaq a’debiyatı tariyxı. „Qaraqalpaqstan” baspası – 2011 j
15. Paxratdinov A.Qaraqalpaq a’debiyatı tariyxının’ ma’seleleri.No’kis. „Qaraqalpaqstan” baspası – 2010 j
16. Paxratdinov A.Pedtexnologiya tiykarları.No’kis. „Qaraqalpaqstan” baspası – 2009 j

17. Paxratdinov A. Abbaz shayırdın’ ko’rkemlik du’nyası.No’kis. „Qaraqalpaqstan” baspası – 2009 j
18. Palımbetov K.Pirniyazov I.Berdimuratova R. A’debiyattı oqıtıw metodikası No’kis. 2009j
19. Nurjanova R. Zamanago’y pedagogikalıq tenologiyalardı a’meliyatqa engiziw. N., 2011.
20. Saydaxmedov N.O’qituvchi faoliyatining texnologiyalanuvchanligi.T.2000.

Paydalanilg’an web betleri:

*www. ziyonet.uz*

*www.ziyo.uz*

*www.doc.uz*